ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№187 (23.345) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ яхуэзащ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм. Ар хэплъащ сабий куэд зэрыс унагъуэхэм псэупIэкIэ ядэIэпыкъуным, социальнэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм, жылагъуэ щхьэхуэхэр зэIузэпэщ щIыным, мэкъумэш IэнатIэм и экономикэм зегъэужьыным, бэджэнд зэпыщIэныгъэхэм, щIы Iуэхухэм ятеухуа лъэIухэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми ягъэува пIалъэм къриубыдэу жэуапхэр иратыну, лэжьыпхъэ псори зэфIагъэкIыну хуагъэуващ зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм.

Республикэм и Iэтащхьэр цIыхухэм щахуэзэм щIэсащ КъБР-м къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу А. М., Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей А. М., Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хь. Л. сымэ.

Илъэсыр къызэрыунэхурэ республикэм и Iэтащхьэм псори зэхэту цIыхуи 174-м зыкъыхуагъэзащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

**● КъБР-м и Правительствэм**



## НыбжьыщIэхэр афияным щыхъумэным теухуауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Наркотикым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и зи чэзу зэIущIэр дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ министерствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, республикэм и щIыналъэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь** и къэпсэлъэныгъэм и пэщIэдзэм къыщыхигъэщащ 2016 гъэм и мази 8-м къриубыдэу IуэхущIапIэм наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъ и IэнатIэм щIэпхъаджагъэ 755-рэ къызэрыщIигъэщар.

- Наркотик лIэужьыгъуэу килограмм 58-м щIигъу хабзэм къемызэгъыу зэрагъакIуэу къыщIэдгъэщащ, абы щыщу зы килограммрэ ныкъуэр вещество гуащIэхэм хабжэ (2015 гъэм апхуэдэ и пIалъэм килограмм 74-рэ къыIахауэ щытащ). Апхуэдэуи мы илъэсым нэхъ кууэ делэжьащ медицинэм къыщамыгъэсэбэп наркотик лIэужьыгъуэхэми цIыхухэр щыхъумэным. КъБР-м щыIэ МВД-м и учётым 2016 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу щытащ медицинэм къыщамыгъэсэбэп наркотик лIэужьыгъуэхэр зэзыхьэлIа, балигъ ныбжьым нэмыса цIыхуи 9. Нэгъабэ и мазийм къриубыдэу апхуэдэ хабзэншагъэ ялэжьауэ ныбжьыщIи 7 къэтхутауэ щытащ. Къыхэгъэщыпхъэщ и зэманым къыщIэбгъэщ ныкъусаныгъэр сыт щыгъуи нэхъ гъэзэкIуэжыгъуафIэу зэрыщытыр, - къыхигъэщащ Ромашкиным.

Министрым жиIащ наркотик зрамыхьэлIэн папщIэ, къыхуеджэныгъэ-къэпщытэныгъэ лэжьыгъэу 700-м щIигъу КъБР-м щыIэ МВД-м и IэнатIэм мы гъэм зэрыригъэкIуэкIар. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм IэщIагъэлIхэм къыхашащ цIыху мини 100-м нэблагъэ. «ЕдгъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ, ведомствэм и учётым иттхащ хабзэ зэхуэмыдэхэр къызэпызыуда ныбжьыщIи 152-рэ», - дыщIигъуащ абы и псалъэм.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Асанов Алим** къыхигъэщащ наркологие IэнатIэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр а щхъухьыр зэзыхьэлIэхэр и чэзум, хэмытIасэ щIыкIэ къэхутэным, абы ирисымаджэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат Iэмалыр зэпымыууэ егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ щытын зэрыхуейр. Къэпсэлъам къиxьа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм наркологиемкIэ и диспансерым и учётым цIыху 976-рэ щытщ, абы щыщу 98-р цIыхубзщ. Асановым жиIащ 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм еплъытмэ, а бжыгъэр проценти 7,3-кIэ мы гъэм нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

- 2016 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу наркомание, токсикомание узыфэр яIэу учётым ягъэува цIыху 96-м ящыщу езыр-езыру зезыгъэтхар цIыху 23-рщ (процент 24-рщ), профилактикэ и лъэныкъуэкIэ зыкIэлъыплъ цIыху 235-м ящыщу дохутырхэм езыхэм захуэзыгъэзар 5 къудейрщ. Абы къикIыращи, адрейхэр наркологхэм я деж хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ирашэлIауэ ращ, апхуэдэ щIыкIэкIэщ учётым зэрагъэувар, - жиIащ Асановым. - Къыхэгъэщыпхъэщ наркотик лIэужьыгъуэхэм ящыщу афияныр зэрынэхъ хьэлъэ дыдэр, абы цIыхур псынщIэу зэресэр. Наркоманием нэхъыбэу дишэхыр балигъ ныбжьым нэмысахэмрэ щIалэгъуалэмрэщ икIи а «хъым» ихуэхэм я бжыгъэм илъэс къэс зехъуэж. Къыхэгъэщыпхъэщ республикэм наркотикым пэщIэтынымкIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщекIуэкIыр. А лэжьыгъэм хыхьэу курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр къыхуедджэну дыхуейт еджакIуэхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу веществохэр зэрызрамыгъэхьэлIэным нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну, апхуэдэ зыдалъагъу къахэкIмэ, ямыбзыщIу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Наркологие диспансерым е районым щылажьэ наркологым хъыбар ирагъэщIэну. Апхуэдэуи щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм яубыда ныбжьыщIэхэр Iэмал имыIэу Наркологие диспансерым ешэлIауэ комиссэ хэха къакIэлъыгъэплъын хуейуэ къыдолъытэ.

**Егоровэ Татьянэ** щIэупщIащ «Лирика» хущхъуэр дохутырым зыхуимытхахэм ар иращэ мыхъуну хабзэ къызэрыдагъэкIрэ щытыкIэм зэрызихъуэжамрэ зытепсэлъыхь Iуэхум теухуауэ НКО-хэмрэ волонтёрхэмрэ я лэжьыгъэм иIэну мыхьэнэр зыхуэдэмрэ. Асанов Алим къыхигъэщащ «Лирика»-р тыншу зэрырамыгъащэм, шэч хэмылъу, сэбэп къызэрихьар, арщхьэкIэ иджыри а хущхъуэр хуиту зыщэ уней аптекэ зыбжанэ зэрыщыIэр наркотик зэзыхьэлIэхэм къызэрагъэсэбэпыр. Апхуэдэ уней аптекэхэр къыщIагъэщмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я дэIэпыкъуэгъукIэ абыхэм я лицензэхэр къыIахыну хуитщ. «Наркотикыр зэрызэраныр къыхэщу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр езыгъэкIуэкI НКО диIэщ, апхуэдэуи мы зэманым православнэ члисэм и дэIэпыкъуэгъукIэ Благовещенкэ жылэм щаухуэ узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж центр. Шэч хэмылъу, дэ дыщогугъ сымаджэщым зыщыкIэлъызыгъэплъхэм я узыншагъэр абдеж нэхъри щрагъэфIэкIуэжынымкIэ ар сэбэп хъуну», - дыщIигъуащ Асанов Алим.

ЗэIущIэм Iуэхум теухуауэ къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Емуз Нинэ**, Шэджэм щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **ТекIушэ Артур**, Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Тараев Игорь**, Шэрэдж щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Муртазов Борис** сымэ.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ Iуэхум теухуауэ курыт школхэм лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыщегъэкIуэкIыпхъэр, адэ-анэхэм нэхъ гъунэгъуу ядэлэжьэн зэрыхуейр. Мусуков Алий жиIащ наркотикым пэщIэтыныр зи пщэрылъхэм я къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIагъэкIын щхьэкIэ ведомствэхэр зэрыщIэу зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**● Бахъсэн щIыналъэ**

## Дзэ-хэкупсэ зэщIэхъееныгъэщIэ

**ДОСААФ-м Бахъсэн районым щиIэ автошколым и унэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэм къыщызэрагъэпэщащ «НыбжьыщIэ армэ» сабий-ныбжьыщIэ дзэ-хэкупсэ зэщIэхъееныгъэ.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзор, Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм я Дзэ комиссар нэхъыщхьэ Сосналы Мухьэмэд, щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, ветеранхэм я советым и Iэтащхьэ Абазэ Анатолий, районымрэ къалэмрэ я жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Урысейм и ДОСААФ-м и республикэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, дзэм къыхэкIыжа полковник МацIыхъу Хъусен.

ДОСААФ-м и Бахъсэн щIыналъэ къудамэм и унафэщIу ягъэува Беслъэней Анзор къызэхуэсахэм яригъэцIыхури, ар тепсэлъыхьащ «НыбжьыщIэ армэ» дзэ-хэкупсэ зэщIэхъееныгъэр къызэгъэпэщыным иIэ мыхьэнэм. Абы закъригъэужьынущ районымрэ къалэмрэ я дзэ-хэкупсэ клубхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ. НыбжьыщIэхэм псапащIэ, къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр нэхъ тыншу ирагъэкIуэкIынущ, ветеранхэми зыщIагъэкъуэнущ, МафIэ мыужьыхым и деж щIыхь къэрэгъулым и къалэнхэр щагъэзэщIэнущ.

НыбжьыщIэхэм я дзэ зэщIэхъееныгъэр УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ. Урысей Федерацэм и Президентым а Iуэхур диIыгъащ. Мурадыр зыхуэгъэзар щIалэгъуалэр ди Хэкум и тхыдэм дегъэхьэхыныpщ, псапащIэ лэжьыгъэм хэшэныpщ. Абы зэкъуигъэувэнущ балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ, дзэм къулыкъу щыщIэным хуэгъэхьэзырыным телажьэ зэгухьэныгъэ псори. Еджэным къыщыдэхуэм деж ныбжьыщIэхэр хэтынущ къалэмрэ республикэмрэ щекIуэкI щэнхабзэ, спорт Iуэхушхуэхэм.

Районым и унафэщIхэм жаIащ зэщIэхъееныгъэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрызыщIагъэкъуэнур. «Дэ мыпхуэдэ унафэм куэд щIауэ дыпэплъэрт, еджапIэ псоми сабий-хэкупсэ клубхэр къыщызэIутхауэ. Абыхэм ди щIыналъэм и щIыхьыр зэпеуэ, фестиваль куэдым щахъумэрт. Иджы нэхъ лъэбакъуэшхуэ тчащ, дзэ-хэкупсэ зэщIэхъееныгъэм зедгъэужьын и лъэныкъуэкIэ», - къыхигъэщхьэхукIащ Iэхъуэбэч Анзор.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



## Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ я лэжьыгъэр щыхьэт тохъуэ

**ФокIадэм и 28-м Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и унэм къыщызэрагъэпэщыну зэхыхьэр зытеухуар мы районым щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд (Зеикъуэ), Нэхущ Хьэсэн (Зеикъуэ), Хъущт Хьэсен (Куба), Къебэкъ Мышэ (Бахъсэнёнкэ), Сыжажэ Мухьэмэд (ХьэтIохъущыкъуей) сымэ я наградэхэр къызэрыдахыжарщ. Ахэр иратыжынущ лIыхъужьхэм я Iыхьлыхэм.**



БАХЪСЭН районым щыщхэу Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм и фIыщIэкIэ илъэс 71-рэ дэкIауэ къагъуэтыжащ хэкIуэдахэм наградэхэр зэрыхуагъэфэщам, ауэ иратыжыну зэрыхунэмысам щыхьэт техъуэ документхэр.

Зэхыхьэм хэтыну кърагъэблэгъащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, республикэм и дзэ комиссариатым, щIыналъэм и хабзэхъумэ органхэм, муниципальнэ властым, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



## Ди университетым и студентхэри хьэрычэтыщIэхэм я дунейпсо программэм хохьэ

«Лэжьэгъуэ зэман» дунейпсо хьэрычэтыщIэ программэм и етIуанэ модулым фокIадэм и 22-м «Старт» бизнес-инкубаторым щеплъащ. Ар къызэIуихащ урысей хьэрычэтыщIэ, «Рыбаков Фонд»-м и президент Хатман Оскар икIи «Дауэ зэрыгупсысапхъэр? Сыт длэжьын хуейр?» Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ. Онлайн Iэмалыр къагъэсэбэпри, студентхэм абы упщIэ куэд иратащ.

ЗэIущIэм студентхэм къадэкIуэу кърагъэблэгъат университетым и IэщIагъэлI зэхуэмыдэ куэд. ЩIалэгъуалэ программэхэмрэ проектхэмрэ дэIыгъынымкIэ университетым и центрым и унафэщI Журавель Ксение зэрыжиIамкIэ, нэхъыбэу мы Iуэхум хэлэжьыхьыр правэмкIэ, экономикэмкIэ, финансхэмкIэ институтым щIэсхэрщ. Абыхэм я дежкIэ мы лэжьыгъэр хуабжьу сэбэп мэхъу бизнесым и Iэмалхэм щыгъуазэ защIынымкIэ. Япэ модулым зыхрагъэтхауэ щытащ цIыху миным щIигъум. Иджы зыщIадза етIуанэ модулыр екIуэкIынущ илъэсир иухыху.

ФокIадэм и 22-м щIидзауэ Урысейм щекIуэкI мы программэр щIалэгъуалэ хьэрычэт Iуэхум зегъэужьыным теухуащ. Видеоконференцхэр къагъэсэбэпурэ а проектым хиубыдэу тхьэмахуэ къэс къэпсэлъэнущ нэхъ лъэщ дыдэу къалъытэ экспертхэр. Программэр абы хэтхэм папщIэ пщIэншэщ. Абы хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и бизнес-инкубаторым махуэку къэс онлайн-зэIущIэхэр щекIуэкIынущ.

**БРАЙ Марие.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал системэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм иужькIэ щылэжьэну ягъэувын папщIэ интернатурэмрэ ординатурэмрэ я программэхэмкIэ хэхауэ ирагъэджэну ягъакIуэ IэщIагъэлIхэм ират къэрал стипендием мазэ къэс ахъшэ зэрыхущIагъу Хабзэр къэщтэным и IуэхукIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 14-м Налшык къалэ №170-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал системэм хиубыдэ медицинэ IуэхущIапIэхэр IэщIагъэ лъагэ зиIэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщын икIи 2020 гъэм нэсыху теухуа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкIа унафэ №136-ПП-мкIэ къищтар, гъэзэщIэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал системэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм иужькIэ щылэжьэну ягъэувын папщIэ интернатурэмрэ ординатурэмрэ я программэхэмкIэ хэхауэ ирагъэджэну ягъакIуэ IэщIагъэлIхэм ират къэрал стипендием мазэ къэс ахъшэ зэрыхущIагъу Хабзэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и къарур ятохуэ 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ зэтеува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 13-м Налшык къалэ №458-рп*

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ IэнатIэм (щэнхабзэм, социальнэ Iуэхутхьэбзэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм) хиубыдэ организацэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымрэ абыхэм зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтынымкIэ 2016 - 2017 гъэхэм зэфIэгъэкIыпхъэхэм я планыр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. ИщхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа Планыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

**● ТхылъыщIэ**




## Физик щэджащэ Къумахуэ Мурадин

**«Зэманым япэ ища» («Опередивший время»). Аращ зэреджэр мы махуэхэм «Эльбрус» тедзапIэм къыщыдэкIа тхылъым. Абы щызэхуэхьэсащ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа физик щэджащэ Къумахуэ Мурадин Iэбубэчыр и къуэм къыдэлэжьахэм, и ныбжьэгъуу щытахэм я гукъэкIыжхэмрэ щIэныгъэлIым и къэхутэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм щыгъуазэ уахуэзыщI тхыгъэхэмрэ.**

ТХЫЛЪЫМ елэжьахэм ар къыдагъэкIащ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, «Рентген оптикэмкIэ институт» ООО-м и генеральнэ директор, Инженер оптикхэм я къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэм и саугъэтым и лауреат, Германием физикэмкIэ и обществэм хэта Къумахуэ Мурадин къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, блэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм, 80 гъэхэм я пэщIэдзэм ди лъахэгъу Къумахуэ Мурадин къихутауэ, иужькIэ игъэунэхуауэ щытащ псынщIэ дыдэу зекIуэ электронхэр кристаллым хэбутIыпщхьэмэ, нур лIэужьыгъуэщIэ къызэрыунэхур. «Къумахуэм и эффект» зыфIаща дунейпсо щIэныгъэ унэтIыныгъэщIэм и къежьапIэ хъуари аращ.

XX лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм Мурадин къигупсысащ икIи зэхилъхьащ рентген-нейтрон нурыр къэзыгъэIурыщIэ Iэмэпсымэмрэ ар къэбгъэсэбэп зэрыхъуну Iэмалхэмрэ. «Къумахуэм и оптикэ» е «Къумахуэм и линзэ» зыхужаIэ IэмэпсымэщIэхэр къыщежьари абы щыгъуэщ. Ахэр зи IэдакъэщIэкIыр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ, къэрал куэдым щыIэ щIэныгъэ академиехэм «щIыхь зиIэ и академик», абыхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм «щIыхь зиIэ и профессор» цIэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщащ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и диплом, медаль зыбжанэ къратащ, илъэс 20-м щIигъукIэ "Radiation Effects and Defects in Solids» дунейпсо журналым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур зэрихьащ.

**АНЗОР СулътIан.**

● КъБР-м и Правительствэм

# Республикэм зэрыщагъэзащIэр къапщытэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий и тхьэмадэу иджыблагъэ екIуэкIащ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт зэщIэхъееныгъэм и къалэнхэр зэригъэзащIэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым ГТО-м зыщиужьыным ехьэлIауэ зэфIагъэкIхэм теухуауэ щытащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Анаев Аслъэн** и къэпсэлъэныгъэр. ЗэIущIэм кърихьэлIахэм абы ягу къигъэкIыжащ ди республикэм СпортымкIэ и министерствэм и нэIэ щIэт атлетикэ псынщIэмкIэ, гимнастикэмрэ псы есэнымкIэ сабийныбжьыщIэ спорт школыр а Iуэхур зэфIэгъэкIынымкIэ щIыналъэ оператору къызэрыхахар.

ГТО-м къигъэув мардэхэр гъэзэщIэным цIыхубэр хуэгъэхьэзырыным хуэунэтIауэ республикэм и жылагъуэхэм къыщызэIуахащ къэпщытэныгъэ центрхэр. Апхуэдэ центрхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу къилъытащ Анаевым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIыналъэхэм щыпсэухэр спортым хуэгъэхьэзырынымкIэ жэуаплыныгъэр зи пщэ дэхуэр ахэращ.

2015 - 2016 гъэ еджэгъуэм кърикIуэу ГТО-мкIэ я зэфIэкIыр зэхагъэкIащ школакIуэ мин 20-м нэблагъэм. КъищынэмыщIауэ, щIымахуэ фестивалым хыхьэу къапщытащ школыр къэзыух цIыху минитIым щIигъу. Мардэхэр ехъулIэныгъэкIэ япэу зыгъэзэщIахэм я дамыгъэхэр мазаем и 20-м яритыжауэ щытащ ГТО спорт комплексым ди республикэм щиIэ и лIыкIуэ, атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпион Кучинэ Марие. ЕтIуанэу дамыгъэхэр Iэрагъэхьэжащ мэкъуауэгъуэм и 23-м. Псори зэхэту къэпщытэныгъэхэр зэрыщIидзэрэ дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ еджакIуэ минитхум щIигъум, абыхэм ящыщу 506-р пашэ хъуащ.

КъищынэмыщIауэ, Анаевым къыхигъэщащ ГТО-м и дыщэ дамыгъэр къэзыхьахэм еджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэтIысхьэкIэ балл къызэрыхущIагъунур. Псалъэм папщIэ, мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым апхуэдэу щащIащ.

СпортымкIэ министрым и къуэдзэр тепсэлъыхьащ ГТО-м и мардэхэр гъэзэщIэным кIэлъыплъыну IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырым. Мы гъэм къэрал бюджетым къыхэкIыу къаIэрыхьащ сом 1 мелуанрэ мини 183-рэ. Мылъкур хуаутIыпщынущ ГТО-м и къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкIыну спорт судьяхэр гъэхьэзырыным. Бюджет мылъку сом 1 мелуанрэ мин 730-рэ и уасэу КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм къищэхуа электрон Iэмэпсымэхэр щIыналъэхэм я къэпщытэныгъэ центрхэм трагуэшащ. АбыкIэ зэхагъэкIынущ электрон Iэщэ-кIэ нэщанэ еуэхэм я зэфIэкIыр.

ГТО-м ди республикэм зыщиужьын папщIэ щIыналъэхэм IэнатIэ щхьэхуэхэр щыхухахащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм еджакIуэхэм балигъхэри къазэрыхыхьэнум къыхэкIыу къэпщытэныгъэ центрхэм я лэжьыгъэм къыхэхъуэнущ.

- ЩIыпIэ самоуправленэхэр фыкъыхузоджэ 2017 - 2019 гъэхэм комплексым къигъэув мардэхэр зэрывгъэзэщIэным мылъку хухэфхыну, - къыхигъэщащ Анаевым икIи жиIащ цIыхубэм я физическэ зэфIэкIыр кърипщытэну ГТО-м фIэкIа нэгъуэщI Iэмал зэрыщымыIэр.

**Мусуков Алий** гу лъитащ языныкъуэ щIыпIэхэм ГТО-м къигъэув мардэхэр зэрыщагъэзащIэм арэзы укъызэримыщIыр. Ди республикэм и кIуэцIкIэ абыкIэ къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа щIыналъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ яIэщ. КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур** зэрыжиIамкIэ, ГТО-м и мардэхэр ятыну куэдым гукъыдэж яIащ, арщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу ахэр къэпщытэныгъэхэм хагъэхьакъым. Абы ипкъ иткIэ щIыпIэ самоуправленэхэм я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну къыхураджащ.

Анаев Аслъэн и докладыр щызэпкърахым къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр иджыри зэ къытеувыIащ щIыналъэхэм щыIэ къэпщытэныгъэ центрхэм. 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ ахэр езыр-езыру лэжьэнущ. НобэкIэ абыхэм чэнджэщ, методикэ, практикэ щIэгъэкъуэныгъэхэр ярет КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм.

Къызэхуэсахэм Анаевым хъыбар яригъэщIащ ГТО-р зэрагъэзащIэм теухуауэ иджыблагъэ Къэрэшей-Шэрджэсым щекIуэкIа зэIущIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр щынэхъыфIу къызэралъытамкIэ. 2017 гъэм ГТО комплексым нэхъ гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, индикатор щхьэхуэр лэжьэнущ - дяпэкIэ зэпалъытынущ къэпщтэныгъэм хэтахэмрэ ар ехъулIэныгъэкIэ зытахэмрэ я зэхущытыкIэр.

- СызэреплъымкIэ, индикаторым къигъэув мардэхэм ефIэкIыпхъэщ, - къыхигъэщащ Мусуковым, - дамыгъэхэр зыIэрыбгъэхьэну тыншкъым. Дэ щIэблэ узыншэ къэдгъэхъун хуейщ. Абы теухуауэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зи пщэ къыдэхуэр щIыналъэхэращ.

ЕджакIуэхэр спортым нэхъри драгъэхьэхын папщIэ гъэзэщIакIуэ комитетым хэтхэм къыхалъхьащ ГТО-м и дыщэ дамыгъэхэр зыIэрызыгъэхьахэм ЕГЭ-м къыщахьа баллхэм иджыри 5 халъхьэну. Абы теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэпсэлъэныгъэхэр драгъэкIуэкIынущ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**



# «Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ»

**Арaщ фIащар Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м фокIадэм и 21-м Адыгэхэм я махуэм и щIыхькIэ къыщызэрагъэпэща зэхыхьэм. Мы Iуэхур езыхьэжьар КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкIэ и комиссэм хэт Лий Ланэщ.**

ЗЭХЫХЬЭМ кърихьэлIа сабийхэр адыгэ хабзэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ ящIащ, апхуэдэу езы школакIуэхэри хуабжьу дихьэхыу къеджащ хэкум, бзэм, хабзэм ятеухуа усэхэм. ЕджакIуэхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ гъэсэныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Гуппоев Тимур, къуажэм и егъэджакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм я ассоциацэм хэт Багъ Марьям, нэгъуэщIхэри. ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэм зэщIыгъуу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым и пресс-центр.*



● Хъыбар гуапэ

# И зэфIэкIхэр къалъытэри

**Джылахъстэнейм хыхьэ Абей къуажэ цIыкIум къыщалъхуа ЕмкIуж Андзор режиссурэ IэщIагъэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа сценаристщ, клипмейкерщ.**

И НЭР къызыхуикIыу щыта режиссёр IэщIагъэр зыIэригъэхьэу илъэс зыбжанэкIэ Мэзкуу щылэжьа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжри «ReaDreaMedia» студиер къызэригъэпэщащ.

Андзор куэдым ядолажьэ икIи ядоIэпыкъу. Ди щIыпIэми ди гъунэгъу республикэхэми я уэрэджыIакIуэхэм ягъэзащIэ уэрэдхэм я клипхэр трех, концерт зытынухэм я пшыхьыр гъэхьэзырынымкIи дэIэпыкъуэгъу яхуохъу. Абыхэм къищынэмыщIауэ, ЕмкIужыр Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм щыIэ адыгэ театрхэм режиссёр-постановщикыу щолажьэ.

Налшык къалэ дэт, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щигъэувa «Мыщэ и къуэ Батыр» таурыхъымрэ «Ретро» спектаклымрэ еплъа нэужь, Адыгэ Республикэм Цей Ибрэхьим и цIэр зэрихьэу дэт театрым и художественнэ унафэщI Щхьэлахъуэ Светланэ иригъэблэгъауэ нэгъабэ лъандэрэ абы щолажьэ къэбэрдей щIалэр. А зэман кIэщIым кърикIуэу Андзор игъэуващ «ЛъыщIэж» драмэмрэ «Гуащэмыдэ и нысэ хэдэкIэ» комедиемрэ.

Гъуазджэм, щэнхабзэм я лъэныкъуэкIэ республикэм зиужьынымкIэ зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэр къалъытэри, ЕмкIуж Андзор «Адыгэ Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ.

ЕфIакIуэ зэпыту, и цIэр фIыкIэ ираIуэу, зыпэрыт IэнатIэм зэрыпэлъэщын къарурэ узыншагъэрэ иIэу илъэс куэдкIэ адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэну дохъуэхъу Андзор!

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

# Дамир зыхуей хуэзауэ школым щIотIысхьэ

**Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу хэтащ унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм я сабийхэр школым зэрыщIэтIысхьэжынум хуэгъэхьэзырынымкIэ псапащIэ лэжьыгъэм.**



АБЫХЭМ дэIэпыкъуныгъэ нэхъ хуэфащэу къалъытащ Налшык къалэ щыпсэу Ирыгухэ я унагъуэшхуэр. А унагъуэм исхэр Управленэм кърагъэблагъэри, шей Iэнэ къыхуащтащ. Абы щыгъуэ Дамир цIыкIу жиIауэ щытащ мы гъэм япэ классым зэрыщIэтIысхьэр икIи, и ныбжьыр нэсмэ, дзэм хыхьэну зэримурадыр.

Куэд дэмыкIыу Ирыгухэ я деж IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ зыбжанэ кIуащ Управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Къанкъул Аслъэн яхэту икIи абыхэм щIалэ цIыкIум сэлэт фащэ, IэфIыкIэхэр хуахьащ.

Апхуэдэ гулъытэр хуабжьу я гуапэ хъуащ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми икIи хьэщIэхэм фIыщIэ къыхуащIащ. Къанкъул Аслъэн жиIащ Управленэм дяпэкIи унагъуэм дэIэпыкъуну зэримурадыр.

*Урысейм и ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Бахъсэн ГЭС-м и юбилейм и щIыхькIэ

**2003, 2004 гъэхэм къалъхуауэ Зеикъуэрэ ХьэтIэхъущыкъуейрэ я школхэм щIэсхэм фокIадэм и 19 - 21-хэм Бахъсэн районым щыщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и стадионым футболымкIэ щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэр траухуащ Бахъсэн ГЭС-р илъэс 80 зэрырикъуам.**

МАХУИЩКIЭ екIуэкIа зэпеуэм щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм и курыт школ №3-м щыщ цIыкIухэр. КъыкIэлъыкIуэ увыпIитIри а къуажэм и курыт еджапIэ №2-мрэ курыт еджапIэ №4-мрэ къахьащ. ТекIуахэм зыхуэфащэ Iэмэпсымэхэр кърaщэхун папщIэ ахъшэ саугъэтхэр яритащ «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и унафэщI Кладько Игорь: япэ увыпIэм папщIэ - сом мини 144-рэ, етIуанэ увыпIэм папщIэ - сом мини 104-рэ, ещанэ увыпIэм папщIэ - сом мин 51-рэ.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**



● ФIыщIэ

# И сэбэпынагъ куэд къуажэдэсхэм ярегъэкI

**ФIыуэ тлъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр къэдгъэсэбэпу фIыщIэ ин хуэтщIыну дыхуейщ Къаншыуей къуажэм щыпсэу Ахъсор Пщымырзэ. Ар къуажэ унафэщI зэращIрэ, фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ куэд жылэм игъуэтащ.**



ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэр къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ, пощт IуэхущIапIэмрэ администрацэмрэ зэрахьащ, ипэкIэ зэи щымыIауэ, уэрамхэр жэщхэм къагъэнэху хъуащ. ПхъэнкIийхэр зэрыдаш техникэхэр къызэригъэпэщащи, къуажэм куэншыб дэлъу щыплъагъужыркъым, лъэныкъуэ псомкIи къабзэлъабзэщ, япэхэм хуэдэу псыкIэ гугъу дехьыжкъым, нэгъуэщI куэдкIи тыншыпIэхэр дгъуэтащ Пщымырзэ и фIыгъэкIэ. Шэч хэлъкъым а тыншыгъуэ псори къыдэхъулIэн папщIэ, ар и къару зэрыщымысхьам.

Еш жыхуаIэр зымыщIэ Ахъсор Пщымырзэ щхьэкIэ къуажэдэсхэм къыдбгъэдэкIыу фIы куэд жытIэфынущ, дэтхэнэ зыри арэзы дызэрищIынум ар телажьэ зэпытщи, цIыху пэжщи.

Дыхуэарэзыщ, гузэвэгъуэ имылъагъуу, дифI зэрызэрихуэм хуэдэу, езыми и гъащIэр ефIакIуэ зэпыту дяпэкIи куэдрэ тхуэлэжьэну ди гуапэщ.

*Къуажэдэсхэр.*

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 24,** *щэбэт*

♦**Кърым Республикэм и Къэрал гербымрэ къэрал ныпымрэ я махуэщ**
♦**ЧэруанакIуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Молдовэм щагъэлъапIэ Анэшхуэм и махуэр**
♦**ЩэкIуэнымрэ бдзэжьей ещэнымрэ я махуэр США-м щагъэлъапIэ.**
♦**1801 гъэм** КъуэкIыпIэ Куржыр Урысей империем къыхагъэхьащ.
♦**1812 гъэм** Бородино деж щекIуэкIа зауэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ икIи щыхэкIуэдащ пщы, дзэзешэ, Суворовым и гъэсэн Багратион Пётр.
♦**1957 гъэм** Барселонэ къалэм къыщызэIуахащ «Камп Ноу» стадионыщIэр. Иджыпсту ар Испанием и мызакъуэу, Европэми щынэхъ ин дыдэщ, цIыху 99.354-рэ йохуэ.
♦**1993 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэ.
♦**1999 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэIуахащ Конан Дойль Артур и литературэ лIыхъужь цIэрыIуэ Холмс Шерлок и фэеплъ.
♦**2010 гъэм** дунейм ехыжащ СССР-м и вице-президенту, къэралым «шыщхьэуIу зэхъуэкIыныгъэхэр» къыщызэзыгъэпэща ГКЧП-м и унафэщIу щыта Янаев Геннадий.
♦Уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ** къызэралъхурэ илъэси 153-рэ ирокъу.
♦Иордание Хьэшимит пащтыхыгъуэм и Парламентым и унафэщIу, премьер-министру, Сенатым и Iэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦Совет къэрал, политикэ лэжьакIуэ, 1984 - 1985 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Черненкэ Константин** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Рубальская Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Семэн Руслан** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.
♦«Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI **Къардэн Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 25,** *тхьэмахуэ*

♦**Зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Машинэ зыщIым и махуэщ**
♦**1763 гъэм** Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Москва къыщызэIуахащ Урысейм щыяпэ сымаджэщыр. Абы пащтыхь гуащэм и къуэ Павел и цIэр фIащауэ щытащ.
♦**1818 гъэм** инджылыз дохутыр Бланделл Джеймс дунейм щыяпэу зы цIыхум и лъыр адрейм хигъэлъэдауэ щытащ.
♦**1934 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз IуэхущIапIэхэм я япэ спартакиадэр.
♦**1941 гъэм** ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ ищIащ уIэгъэ хъуа зауэлIхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ комитет къызэрагъэпэщыну.
♦**1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым Смоленск къалэр фашистхэм къаIэщIигъэкIыжащ.
♦**1991 гъэм** ДОСААФ зэгухьэныгъэм и цIэр РОСТО жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦Совет композитор, пианист щэджащэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Шостакович Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Бондарчук Сергей** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Пшынауэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист **ПщыхьэщIэ Мухьэжыр** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Федосеевэ-Шукшина Лидие** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ зэщхьэгъусэхэу, «Оскар» саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэу **Дуглас Майклрэ Зета-Джонс Кэтринрэ** къыщалъхуа махуэхэр зэтохуэ. Нобэ Майкл илъэс 72-рэ, Кэтрин илъэс 47-рэ зэрырикъур ягъэлъапIэ абыхэм.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 17, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 26,** *блыщхьэ*

♦**Ядернэ Iэщэр гъэкIуэдыжыпэным щIэбэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**НэгъуэщI къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**
♦Смоленск къалэм и лъабжьэр зэрагъэтIылърэ илъэс 1153-рэ ирокъу.
♦**1530 гъэм** ягъэтIылъащ Чувашием и иджырей къалащхьэ Чебоксары и лъабжьэр.
♦Темрюк къалэр илъэс 460-рэ ирокъу.
♦Краснодар ухуэн зэрыщIадзэрэ илъэс 223-рэ ирокъу.
♦**1941 гъэм** Налшык щекIуэкIащ республикэм и парт активым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ цIыхухэр зауэ Iуэхухэм хуегъэджэным.
♦**1960 гъэм** ООН-м и тхыдэм щынэхъ кIыхь дыдэу абы къыщыпсэлъащ Кубэм и унафэщI Кастрэ Фидель - сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 29-кIэ.
♦**1962 гъэм** Йемен Хьэрып Республикэр къэунэхуащ.
♦Урыс еджагъэшхуэ-физиолог, Нобель и саугъэтым и лауреат **Павлов Иван** къызэралъхурэ илъэси 167-рэ ирокъу.
♦Актёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Басилашвили Олег** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым и актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Максаковэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джэрыджэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Украинэм и президент **Порошенкэ Пётр** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**УкIытэ зиIэм насып иIэщ.**

● Хъыбарегъащ Iэ

# Къэжыхьыным и урысейпсо махуэр ягъэлъапIэ

НАЛШЫК къалэ округым и щIыпIэ администрацэм физическэ культурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм фокIадэм и 25-м Къэжыхьыным и урысейпсо махуэр ягъэлъапIэу, Налшык къалэ «Кросс наций-2016» Iуэхур ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щрагъэкIуэкI. ЩыщIидзэр сыхьэти 10-рщ. Гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри къызэдэжэнухэм яхыхьэ хъунущ.

*Налшык щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Мэрем, фокIадэм и 30

**1**

**05.10** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 14.00, 15.00** Новости
**09.20** «Контрольная закупка»
**09.50** «Жить здорово!» (12+)
**10.55** «Модный приговор»
**12.20** «Про любовь» (16+)
**13.20, 14.15, 15.15** «Время покажет» (16+)
**16.00** «Мужское / Женское» (16+)
**17.00** «Жди меня»
**18.00** Вечерние новости
**18.45** «Человек и закон»
**19.50** «Поле чудес»
**21.00** «Время»
**21.30** «Голос». Новый сезон (12+)
**23.30** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.15** «Гудгора». Концерт Вячеслава Бутусова
**02.05** Х/ф «Тайный мир» (12+)
**03.55** Х/ф «Крутой чувак» (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** «Утро России»
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**09.15** «Утро России»
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.35, 14.35, 17.25, 20.45** Местное время
**12.00, 01.20** Т/с «Каменская» (16+)
**14.55** Т/с «Тайны следствия» (12+)
**17.45** «Прямой эфир» (16+)
**18.50** «60 Минут». Ток-шоу (12+)
**21.00** «Юморина» (12+)
**23.15** Х/ф «Оазис любви» (12+)
**03.20** Т/с «Семейный детектив» (12+)
**04.20** «Комната смеха»

**НТВ**

**05.00** Дорожный патруль
**06.00** «Новое утро»
**08.30** «Студия Юлии Высоцкой» (0+)
**09.00** Т/с «Возвращение Мухтара» (16+)
**10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**10.20** Т/с «Лесник» (16+)
**12.00** Суд присяжных (16+)
**13.20** Обзор. Чрезвычайное происшествие
**13.50** «Место встречи»
**15.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**16.20** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**18.00** «Говорим и показываем» (16+)
**19.40** «Экстрасенсы против детективов» (16+)
**21.15** Т/с «Морские дьяволы. Смерч»
**23.10** «Большинство». Ток-шоу
**00.20** «Место встречи» (16+)
**01.30** «Таинственная Россия» (16+)
**02.25** Их нравы (0+)
**03.05** Т/с «Закон и порядок» (16+)

**06.00** «Настроение»
**08.00** Х/ф «У тихой пристани...» (12+)
**09.30** Х/ф «Любопытная Варвара-2» (12+)
**11.30, 14.30, 22.00** События
**11.50** Х/ф «Любопытная Варвара-2» (12+)
**14.50** Х/ф «Любопытная Варвара-2» (12+)
**17.30** Город новостей
**17.40** Х/ф «Давайте познакомимся» (12+)
**19.40** «В центре событий» (16+)
**20.40** «Право голоса» (16+)
**22.30** Анастасия Стоцкая в программе «Жена. История любви» (16+)
**00.00** Т/с «Пуаро Агаты Кристи» (12+)
**01.50** «Петровка, 38» (16+)
**02.05** Д/ф «Большие деньги. Соблазн и проклятье»
**03.45** Т/с «Мама-детектив» (12+)

**МИР**

**9.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 13.00, 14.00, 15.00, 16.00, 22.00, 22.30, 23.00, 23.30, 0.00, 0.30, 1.00, 1.30, 2.00, 2.30, 3.00, 3.30, 4.00, 4.30, 5.00, 5.30** новости
**9.45** «Беларусь сегодня». Продолжение (12+)
**9.55, 14.55, 16.55, 22.55, 1.55, 4.55** «Культурный обмен» (12+)
**10.15, 10.45** «Держись, шоубиз!»(12+)
**10.55, 13.40, 15.55, 0.55, 3.55** «Вместе выгодно»(12+)
**11.15, 1.15** «Стильный мир»(12+)
**11.45, 0.45** «Культ личности»(12+)
**11.55, 15.45, 1.45** «Старт up»(12+)
**12.20, 14.45, 23.45, 5.45** «В фокусе»(12+)
**12.35** «Секретные материалы»(16+)
**13.25, 23.15** «Акценты» (12+)
**13.45** «Посторонним вход разрешен»(12+)
**13.55, 16.25, 23.55, 2.55, 5.55** «Мир науки» (12+)
**15.30** Специальный репортаж(12+)
**16.30** «Почему Я?» (12+)
**22.15, 22.45, 3.15, 3.45** «Земля территория загадок»(12+)
**0.15, 5.15** «Путеводитель»(6+)
**2.15, 2.45** «Достояние республик»(12+)
**4.15, 4.45** «С миру по нитке»(12+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Евроньюс
**10.00, 15.00, 19.30, 23.30** Новости культуры
**10.20** Х/ф «КАТОРГА»
**11.40, 14.40, 17.20, 02.40** Мировые сокровища
**11.55** «Автопортрет в красной феске. Роберт Фальк»
**12.40** «Нефронтовые заметки.»
**13.10** Письма из провинции. Кимры (Тверская область)
**13.40** Т/с «День за днем»
**15.10** Черные дыры. Белые пятна
**15.50** «Ключ к разгадке древних сокровищ»
**16.40** «Сергей Штейн. Вы - жизнь моя...»
**17.40** «Сон в летнюю ночь»
**19.00** «Эпоха Дмитрия Лихачева, рассказанная им самим»
**19.45** «Смехоностальгия»
**20.15** Линия жизни
**21.05** Х/ф «Шестое июля»
**23.00** «Герман, сын Германа»
**23.45** Худсовет
**23.50** Х/ф «Посредник»
**01.55** Искатели.»В поисках могилы Митридата»

**МАТЧ!**

**06.30** «Спортивные прорывы» (12+)
**07.00, 07.25, 10.30, 13.05, 15.15, 20.00** Новости
**07.05** «Зарядка ГТО» (0+)
**07.30, 15.20, 20.25, 00.00** Все на Матч!
**09.00** Формула-1. Гран-при Малайзии. Свободная практика
**10.35** Футбол. Лига Европы. «Манчестер Юнайтед « (Англия) - «Заря « (Украина)
**12.35** «Звезды футбола» (12+)
**13.10** «Правила боя» (16+)
**13.20** Смешанные единоборства. Fight Nights. Сергей Павлович против Ахмадшейха Гелегаева. Мурад Мачаев против Джека Макгэнна (16+)
**16.00** «Кубок войны и мира» (12+)
**16.45** Хоккей. Кубок мира. Финал
**19.30** «Драмы большого спорта» (16+)
**20.05** «Десятка!» (16+)
**20.55** «Все на футбол!» Афиша (12+)
**21.55** Футбол. Чемпионат Англии. «Эвертон» - «Кристал Пэлас»
**00.45** Х/ф «Влюбленный скорпион» (16+)

## Щэбэт, жэпуэгъуэм и 1

**1**

**05.50** Х/ф «Судьба» (12+)
**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «Судьба» (12+)
**08.00** «Играй, гармонь любимая!»
**08.45** «Смешарики. Новые приключения»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря»
**10.15** «Непобедимые русские русалки» (12+)
**11.20** «Смак» (12+)
**12.15** «Идеальный ремонт»
**13.10** «На 10 лет моложе» (16+)
**14.00** «Голос». Специальный выпуск (12+)
**16.50** «Кто хочет стать миллионером?»
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Ледниковый период». Новый сезон
**21.00** «Время»
**21.20** «Сегодня вечером» (16+)
**22.45** «МаксимМаксим» (16+)
**23.45** «Подмосковные вечера» (16+)
**00.40** Х/ф «Маленькая мисс Счастье» (16+)

**РОССИЯ 1**

**04.55** Х/ф «Аэлита, не приставай к мужчинам» (12+)
**06.45** «Диалоги о животных»
**07.40, 08.10, 11.20, 14.20** Местное время
**08.00, 11.00, 14.00** Вести
**09.15** «Сто к одному»
**10.05** «Семейный альбом» (12+)
**11.30** «Юмор! Юмор! Юмор!» (16+)
**14.30** Х/ф «Слабая женщина» (12+)
**18.05** «Субботний вечер»
**20.00** Вести в субботу
**21.00** Х/ф «Неваляшка» (12+)
**00.50** Х/ф «Поверь, всё будет хорошо» (12+)

**НТВ**

**05.00** Их нравы (0+)
**05.35** Дорожный патруль
**07.25** Смотр (0+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.15** «Жилищная лотерея Плюс» (0+)
**08.45** «Готовим с Алексеем Зиминым» (0+)
**09.10** «Устами младенца» (0+)
**10.20** Главная дорога (16+)
**11.00** «Еда живая и мёртвая» (12+)
**12.00** Квартирный вопрос (0+)
**13.05** «Двойные стандарты» (16+)
**14.05** «Однажды...» с Сергеем Майоровым (16+)
**15.05** Своя игра (0+)
**16.20** Х/ф «Революция «под ключ» (16+)
**17.15** Следствие вели... (16+)
**19.00** «Центральное телевидение»
**20.00** «Новые русские сенсации» (16+)
**21.00** «Охота» (16+)
**22.30** «Салтыков-Щедрин шоу» (16+)
**23.30** «Международная пилорама» (16+)
**00.25** Т/с «Розыск» (16+)

**05.50** Марш-бросок (12+)
**06.25** АБВГДейка
**06.55** Х/ф «Материнский инстинкт» (16+)
**08.45** Православная энциклопедия (6+)
**09.15** «Короли эпизода. Георгий Милляр» (12+)
**10.05** Х/ф «Волшебная лампа Аладдина»
**11.30, 14.30, 23.25** События
**11.45** Д/ф «Сергей Захаров. Я не жалею ни о чём»
**12.50** Х/ф «Осколки счастья» (12+)
**14.45** Х/ф «Осколки счастья» (12+)
**16.50** Х/ф «Осколки счастья-2» (12+)
**21.00** «Постскриптум»
**22.10** «Право знать!» Ток-шоу. (16+)
**23.40** «Право голоса» (16+)
**02.50** «Сирия. Год спустя» (16+)

**МИР**

**9.00, 9.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 22.00, 22.30, 23.00, 23.30, 0.00, 0.30, 1.00, 1.30, 2.00, 2.30, 3.00, 3.30, 4.00, 4.30, 5.00, 5.30** новости
**9.15, 9.45** «Достояние республик»(12+)
**9.55, 12.55, 15.55, 0.55 , 2. 55, 4.55** «Культурный обмен» (12+)
**10.15, 10.45, 0.15** «Почему Я?» (12+)
**10.55, 13.55, 16.45, 22.55, 2. 45, 5.55** «Старт up» (12+)
**11.15** «Путеводитель» (6+)
**11.45, 4.15** Специальный репортаж (12+)
**11.55, 14.55, 16.55, 23.55, 1.55, 3.55** «Мир науки» (12+)
**12.15, 16.15, 2.15** «Стильный мир»(12+)
**12.45, 4.45** «Посторонним вход разрешен»(12+)
**13.15** «Старт up по-казахстански»(12+)
**13.45** «Культ личности»(12+)
**14.15, 14.45, 22.15, 22.45** «С миру по нитке»(12+)
**15.15, 15.45** «Беларусь сегодня» (12+)
**23.15, 23.45** «Союзники»(12+)
**0.45** «Почему я?»

**РОССИЯ К**

**06.30** Евроньюс
**10.00** «Обыкновенный концерт с Эдуардом Эфировым»
**10.35** Х/ф «Шестое июля»
**12.30** «Блеск и горькие слезы российских императриц»
**13.00** «Диалог с легендой»
**13.50** Муз/ф «Граф Нулин»
**14.40** «Нюрнберг.Нацисты перед лицом своих преступлений»
**16.20** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**17.00** Новости культуры
**17.30** «Живая природа Индокитая»
**18.25** К юбилею Аллы Демидовой. Творческий вечер
**19.30** Х/ф «Дайте жалобную книгу»
**20.55** «Романтика романса». Шлягеры 50-х
**22.00** Х/ф «Трудно быть богом»
**00.50** «Триумф джаза»

**МАТЧ!**

**06.30** «Правила боя» (16+)
**06.50, 08.20, 11.00, 13.05, 14.10, 16.00, 19.00** Новости
**06.55** Х/ф «Первая перчатка» (16+)
**08.25, 16.05, 23.00** Все на Матч!
**08.55** Формула-1. Гран-при Малайзии. Свободная практика
**10.00** «Высшая лига» (12+)
**10.30** «Драмы большого спорта» (16+)
**11.10** «Кубок войны и мира» (12+)
**11.55** Формула-1. Гран-при Малайзии. Квалификация
**13.10** «Все на футбол!» Афиша (12+)
**14.15** Гандбол. Гала-матч Олимпийских чемпионов
**16.45** Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Арсенал» (Тула)
**19.05** «Правила боя» (16+)
**19.25** Футбол. Чемпионат Германии. «Байер» - «Боруссия» (Дортмунд)
**21.30** «Хулиганы». Германия (16+)
**22.00** «Павел Буре. Русская ракета» (16+)
**23.45** Регби. Чемпионат России. Финал. Трансляция из Красноярска
**01.45** Х/ф «Бобби Джонс. Гений удара» (16+)

## Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 2

**1**

**05.50** «Наедине со всеми» (16+)
**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** «Наедине со всеми» (16+)
**06.45** «Судьба». 2 ч.
**08.10** «Смешарики. ПИН-код»
**08.20** «Часовой» (12+)
**08.55** «Здоровье» (16+)
**10.15** «Непутевые заметки»
**10.35** «Непутевый ДК». К юбилею Дмитрия Крылова (12+)
**11.30** «Фазенда»
**12.15** «Открытие Китая»
**12.45** «Теория заговора» (16+)
**13.40** «Я хочу, чтоб это был сон...» Концерт Елены Ваенги (12+)
**15.30** Т/с «Ищейка» (12+)
**18.20** «Клуб веселых и находчивых». Летний кубок во Владивостоке (16+)
**21.00** Воскресное «Время»
**22.30** Что? Где? Когда?
**23.40** Х/ф «Одинокий рейнджер» (16+)
**02.20** Х/ф «Двадцатипятиборье» (16+)
**03.50** «Модный приговор»

**РОССИЯ 1**

**04.55** Х/ф «Женская дружба» (12+)
**07.00** МУЛЬТ утро. «Маша и Медведь»
**07.30** «Сам себе режиссёр»
**08.20** «Смехопанорама»
**08.50** «Утренняя почта»
**09.30** «Сто к одному»
**10.20** Местное время
**11.00, 14.00** Вести
**11.20** «Смеяться разрешается»
**14.20** Х/ф «Теория невероятности» (12+)
**18.00** «Удивительные люди»
**20.00** Вести недели
**22.00** «Воскресный вечер с Владимиром Соловьёвым» (12+)
**00.00** «Дежурный по стране». Михаил Жванецкий
**00.55** Т/с «Без следа» (12+)
**03.00** «Сам себе режиссёр»
**03.50** «Смехопанорама»
**04.20** «Комната смеха»

**НТВ**

**04.55** Их нравы (0+)
**05.30** «Охота» (16+)
**07.00** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.15** Лотерея «Русское лото плюс» (0+)
**08.50** «Стрингеры НТВ» (12+)
**09.25** Едим дома (0+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.05** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.05** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.10** «Поедем, поедим!» (0+)
**15.00** «Красота по-русски» (16+)
**16.20** Ты не поверишь! (16+)
**17.20** «Секрет на миллион» (16+)
**19.00** «Акценты недели»
**19.55** «Киношоу» (16+)
**22.40** Х/ф «Обыкновенное чудо» (0+)
**01.25** Т/с «Розыск» (16+)

**05.50** Х/ф «Девушки с гитарой»
**07.35** «Фактор жизни» (12+)
**08.05** Х/ф «Давайте познакомимся» (12+)
**10.05** Д/ф «Александр Панкратов-Черный. Мужчина без комплексов»
**10.55** «Барышня и кулинар» (12+)
**11.30, 00.15** События
**11.45** «Петровка, 38» (16+)
**11.55** Т/с «Выстрел в спину» (12+)
**13.45** «Смех с доставкой на дом» (12+)
**14.30** Московская неделя
**15.00** Х/ф «Другое лицо» (16+)
**17.00** Х/ф «Перчатка Авроры» (16+)
**20.40** Х/ф «Чудные дела твои, господи!» (12+)
**00.30** Х/ф «Материнский инстинкт» (16+)
**02.25** Х/ф «Осколки счастья» (12+)

**МИР**

**9.00, 9.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 22.30, 23.00, 23.30, 0.00, 0.30, 1.00, 1.30, 3.00, 3.30, 4.00, 4.30, 5.00, 5.30** новости
**9.15, 23.45** «Посторонним вход разрешен»(12+)
**9.45, 11.55, 14.45, 22.00, 23.55, 5.15** «Старт up»(12+)
**9.55, 12.55, 14.55, 22.10, 0.55, 4.55** «Культурный обмен» (12+)
**10.15, 10.45** «Культ//туризм»(12+)
**10.55, 13.55, 22.55, 1.55, 3.55, 5.55** «Мир науки» (12+)
**11.15, 22.15, 3.45** «Путеводитель»(6+)
**11.45** Специальный репортаж(12+)
**12.15, 12.45, 1.15, 1.45** «Держись, шоубиз!»(12+)
**13.15, 13.45** «Трэш-тест»(16+)
**14.15, 23.15** «Стильный мир»(12+)
**15.15, 15.45, 0.15, 0.45** «С миру по нитке»(12+)
**16.30** «Победители»
**22.45** «Культ личности»(12+)
**2.00** Итоговая программа «Вместе»(12+)
**3.15** «Вместе выгодно»(12+)
**4.15, 4.45** «Почему Я?» (12+)
**5.45** «В фокусе»(12+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Евроньюс
**10.00** «Обыкновенный концерт с Эдуардом Эфировым»
**10.35** Х/ф «Дайте жалобную книгу»
**12.05** Легенды кино. Савелий Крамаров
**12.30** «Блеск и горькие слезы российских императриц»
**13.00** «Живая природа Индокитая»
**13.55** «Что делать?»
**14.40** «Душа России». Гала-концерт в Концертном зале имени П.И. Чайковского
**16.15** Гении и злодеи. Марк Алданов
**16.45** «Пешком...». Москва романтическая
**17.15** Искатели. «Утраченные мозаики.Страсти по Васнецову»
**18.00** Библиотека приключений
**18.15** Х/ф «Охотники в прериях Мексики»
**20.45** Острова
**21.25** Х/ф «Поп»
**23.30** Опера «Каменный гость»

**МАТЧ!**

**06.30** Смешанные единоборства. UFC
**08.00, 12.05, 14.55** Новости
**08.05** «Рио ждет» (16+)
**08.25, 15.00, 21.00, 00.55** Все на Матч!
**08.55** «Инспектор ЗОЖ» (12+)
**09.25** «Формула-1» (12+)
**09.45** Формула-1. Гран-при Малайзии
**12.15** «Футбол Слуцкого периода» (12+)
**12.50** Баскетбол. Единая лига ВТБ. УНИКС (Казань) - «Нижний Новгород»
**16.00** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак» (Москва)
**18.50** Футбол. «Краснодар» - «Рубин» (Казань)
**21.20** Футбол. «Ростов» - ЦСКА
**23.35** «После футбола с Георгием Черданцевым»
**00.35** «Десятка!» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, фокIадэм и 26**
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ): 10.00, 13.10, 16.10, 18.10***

**7.10 - 8.00** «Жьырытэдж» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**10.15 - 10.30** Фонотекэм щIэуэ къыхэхъуахэр. Концерт (адыгэбзэкIэ)
**12.10 - 12.30** Литературэм щIэуэ къыхэхъуахэр (адыгэбзэкIэ)
**12.30 – 12.45** «Макъ жьгъырухэр». Концерт
**12.45 - 13.00** Жазаев Б. и «Псыхъуэгуащэ» рассказыр (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Олби Эдвард. «Сыт зоопаркым къыщыхъуар?» радиоинсценировкэр
**13.45 - 14.00** «Уэрэдыр тыгъэ фхузощI». Габаев Т. (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.25 - 16.35** «Сэ Кавказыр фIыуэ солъагъу». Кавказ Ищхъэрэм щыщ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр
**16.35 - 17.00** КъардэнгъущI Зырамыку. «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ ахэр зыхъумахэмрэ» циклым щыщ (адыгэбзэкIэ)

**Гъубж, фокIадэм и 27**
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ): 10.00, 13.10, 16.10, 18.10***

**7.10 - 8.00** «Жьырытэдж» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**10.15 - 10.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр». Бицу Анатолэ (адыгэбзэкIэ)
**12.10 - 12.35** «Зи Iэпэм дыщэр къыпыщ». IэпщIэлъапщIэ Курданов Р. (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.35 - 13.00** «Лъэпкъым и джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью»
**13.45 - 14.00** «ЦIыхуитIым зэдыжаIэ уэрэдхэр». Отаров Омаррэ Алтуевэ Зоерэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.25 - 16.40** Къэрмокъуэ Мухьэмэд. «ЛутIэ пощтзехьэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.40 - 17.00** «Зы уэрэдым и хъыбар». Журтубаев М. (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 28**
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ): 10.00, 13.10, 16.10, 18.10***

**7.10 - 8.00** «Жьырытэдж» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**10.15 - 10.30** «Жьэгу». Алиевэ М. (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10 - 12.25** Бетыгъуэн Iэуес и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр (адыгэбзэкIэ)
**12.25 – 12.40** «Зэныбжьэгъуищ» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.40 - 13.00** «Усэхэр зратхэ тетрадь». Ярапольский Георгий
**13.25 - 13.45** «Хэку цIыкIу». Яныкъуей, Каменкэ къуажэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** IутIыж Борис. «ЦIыхубз тхьэмыщкIэ» гушыIэ рассказыр (адыгэбзэкIэ)
**16.25 - 16.50** «ФIыуэ тлъагъу пшыналъэхэр». Концерт (адыгэбзэкIэ)
**16. 05 - 17.00** Сабийхэр тхылъ еджэу егъэсэным теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, фокIадэм и 29**
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ): 10.00, 13.10, 16.10, 18.10***

**7.10 - 8.00** «Жьырытэдж» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**10.15 - 10.30** Кърым Иринэ уэрэд жеIэ (адыгэбзэкIэ)
**12.10 - 12.35** Мыз Ахьмэд. «Сэ нэгъуэщI насып сыхуейкъым» рассказыр (адыгэбзэкIэ)
**12.35 - 13.00** «Къуршхэр мазэгъуэ нэхум дэпщIыпщIу». Литературэ-макъамэ композицэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.25 - 13.40** «Вагъуэбэм и нэхур». Текуев Амур
**13.40 - 14.00** «ЗэхэщIыкIи, яужь ихьэ»
**16.25 - 16.45** «НэхъыфI дыдэу слъагъу уэрэд». Концерт (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.45 - 17.00** «Ислъамым и макъ» (адыгэбзэкIэ)

**Мэрем, фокIадэм и 30**
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ): 7.10, 10.00, 13.10, 16.10, 18.10***

**7.25 - 7.45** - «Пщэдджыжьыр Османовэ Маринэ дригъусэу»
**7.45 - 8.00** «70-80 гъэхэм лэжьа радиор» (адыгэбзэкIэ)
**10.15 - 10.30** «Бжьыхьэ этюдхэр». Литературэ-макъамэ композицэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10 - 12.25** Гуляев Башир. «Шы пцIэгъуэплъ» рассказыр (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.25 - 12.40** КъБР-м и радиом и хорым и концерт (адыгэбзэкIэ)
**12.40 - 13.00** «Жэрдэмищэрэ зырэ»
**13.25 - 13.40** «Зэманым и лъэужьхэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.40 - 14.00** «ФIыуэ фызэрыслъагъур къризгъэлъагъуэу». Атмурзаев Эльдар и концерт (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.25 - 16.45** «КIэрзинкIэ». Ахубэ Джумэ и радиорассказ (адыгэбзэкIэ)
**16.45 - 17.00** «Ууаз». Диным теухуа нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 1**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал
**12.10 - 12.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**12.25 - 12.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.40 - 13.00** «Ди гъусэу зывгъэпсэху». Концерт (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 2**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр
**10.25 - 11.00** Нало Заур. «ТIуанэ» радиоспектаклыр (адыгэбзэкIэ)
**12.10 - 13.00** Театрыр микрофоным Iутщ. Мухамеджанов К. «Аращ сэ схуэфащэр» радиоспектаклыр (балъкъэрыбзэкIэ)

## КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, фокIадэм и 26**
***«ХъыбарыщIэхэр»: 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«Жангылыкъла»: 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«Новости»: 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Жаншэрхъ». Спорт хъыбархэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

**Гъубж, фокIадэм и 27**
***«ХъыбарыщIэхэр»: 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«Жангылыкъла»: 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«Новости»: 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Школ жашау» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** – «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**13.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** – «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 28**
***«ХъыбарыщIэхэр»: 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«Жангылыкъла»: 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«Новости»: 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Жаншэрхъ». Спорт хъыбархэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** – «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, фокIадэм и 29**
***«ХъыбарыщIэхэр»: 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«Жангылыкъла»: 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«Новости»: 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Ц1ыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Набдзэгубдзаплъэхэм я клуб» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъэкIуэнур - нобэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэхэр» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Ц1ыхумрэ гъащIэмрэ » (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «Усыгъэ»
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Набдзэгубдзаплъэхэм я клуб» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъэкIуэнур - нобэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, фокIадэм и 30**
***«ХъыбарыщIэхэр»: 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«Жангылыкъла»: 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«Новости»: 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**11.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 1**
**Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэщ**

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Усэхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Дэрэжэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Усэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 2**
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«Жангылыкъла». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«Новости». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ»
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ»
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Усэхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - «Усэхэр» (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

# Адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэр

**Курыт лIэщIыгъуэхэм къыщыщIэдзауэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щытащ адыгэхэм я шуудзэр. Урыс офицер Торнау Федор (лъэпкъкIэ нэмыцэщ) 1864 гъэм итхыгъащ: «Венгрхэм я шуудзэм пэхъун щымыIэущ иджыри къэс зэралъытэр, адыгэ шуудзэр абы куэдкIэ йофIэкI. Зы шэрджэс шур кърым хъаным и дзэм шу тIощIым ятокIуэ»** ***(«Кавказ офицерым и гукъэкIыжхэр»)*****. Адыгэ шуудзэм хузэфIэкIыр зи нэгу щIэкIа дзэпщ гуэрым итхыгъащ: «Адыгэ шур бийм ебгъэрыкIуамэ, аслъэныр Iэщ хъушэм хэлъэда хуэдэщ».**

**Апхуэдэ шуудзэ дэшэс зэпытащ адыгэ дзэпщым. Генерал Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ, зауэ къалъыкъуэкIмэ, къэбэрдейхэм шу мин 30 ягъэшэсыфу зэрыщытар. Лъэсыдзэуи абы нэхърэ мынэхъмащIэ ядежьэрт къэбэрдей шуудзэм. А псом пашэ хуащIыр лIыгъэрэ хахуагъэкIэ цIэрыIуэ хъуауэ, хэкум и щIыхьыр дзыхь зрагъэз дзэпщхэрт.**

**Къэбэрдейм и тхыдэм щымащIэкъым апхуэдэ дзэпщхэр - ди лъахэм и хуитыныгъэм папщIэ зи псэм емыблэжа шу пашэ щэджащэхэр.**

**КЪАРТУЛ Гъузер.**

## Инал Нэху

Адыгэ тхыдэми IуэрыIуатэми щыцIэрыIуэщ Инал. ЩIэныгъэлIхэм зэратхымкIэ, ар Мысырым пащтыхь щыхъуауэ щыта адыгэ мамлюкхэм ящыщщ, Мысырым 1453 - 1461 гъэхэм щыпащтыхьащ, хэкум къигъэзэжа нэужь, адыгэ лъэпкъхэр зэгуигъэхьэн, зы къэралыгъуэ иухуэн хузэфIэкIащ.

Нэгумэ Шорэ зэритхымкIэ, Инал Абхъазым щылIащ, абы и кхъащхьэм абхъазхэр «Инал къубэкIэ» («Инал и кхъащхьэ») иджыри къэс йоджэ.

«Инал лIа нэужь, - етх Нэгумэ Шорэ, - цIыхухэм ядакъым абы и къуэхэм едэIуэн. Хэкум и унафэр зэрызэрахьэн акъылрэ фIэлIыкIрэ ябгъэдэлъакъым абыхэм. Аркъудейми къыщынакъым: я пагагъымрэ я хьэл мыхъумыщIэмрэ цIыхухэм яхуэмышэчыж хъуащ, езыр-езыру зэныкъуэкъужу щIадзащ, Инал зэтриубла Iуэхуфlхэр якъутэжри, нэхъыщIэр нэхъыжьым емыдэIуэж хъуащ».

Инал пщышхуэм и мурадыр абы и къуэхэм къагурыIуакъым - зэщыхьэжри я щIыб зэхуагъэзэжащ. Абы къыдэкIуащ адыгэхэм и ужькIэ къатепсыха насыпыншагъэ псори.

Инал и щIэблэщ къэбэрдейхэм, беслъэнейхэм, кIэмыргуейхэм, бжьэдыгъухэм, жанейхэм, хьэтыкъуейхэм, натхъуэджхэм я пщы лIакъуэхэр. Осетин усакIуэшхуэ Хетагуров Коста и лъэпкъри, езым зэритхымкIэ, Инал и къуэхэм ящыщ зым (Хьэтагъ) къытехъукIащ.

Инал и цIэр зэрехьэ Iуащхьэмахуэрэ Балъкъ псыщхьэрэ я зэхуаку дэт бгы лъагэм.

## Беслъэн ПцIапцIэ

Инал и къуэрылъху Жанхъуэт и къуэщ, щыпсэуар XVI лIэщIыгъуэм и кIэухырщ, XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ плIанэм хуозэ. Пщы уэлийуэ щытащ. ЗэрылIыкIхуэм щхьэкIэ «ПцIапцIэ» дзыр теIукIащ. Тэрч и хэхуэжыпIэм дзэ ишэурэ, Къэбэрдейм и гъунапкъэхэм зригъэубгъуащ, и дзэр Астрахъани Дербенти щынишэс къэхъуащ - абыхэм я лъахэр иубыдын


Инал Нэху


Темрыкъуэ


ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ

папщIэ. Къэбэрдейм къихьэ сатуущIэ гъуэгухэр шынагъуэншэ хъуауэ щытащ абы иужькIэ.

Лъэпкъыр арэзы зытехъуа хабзэ куэд зэтриублащ, ахэр Къэбэрдейм дежкIэ конституцэ пэлъытэ хъуащ.

## Щолэхъу

Талъостэнхэ я лъэпкъым щыщщ, Къэбэрдейм и пщIэр лъагэ зэрыхъуным щIэкъу зэпытащ, хэкум и хуитыныгъэм щIэзэуащ, Идар Къамбулэтрэ Къетыкъуэ Аслъэнбэчрэ дунейм ехыжа нэужь, Къэбэрдейм и пщышхуэ (пщы уэлий) хъуащ. Урыс пащтыхьым гъунэгъу зэрыхуэхъуным хущIэкъуащ - ар къехъулIауэ плъытэ хъунущ, и IуэхущIафэм тепщIыхьмэ. И лIыгъэм, и зекIуэхэм папщIэ Щолэхъу «пщы щэджащэ» цIэр теIукIащ. «ЩолэхъукIэ» зэджэ шы лъэпкъыр зи Iэужьыр а пщы цIэрыIуэрщ. Адыгэхэми гъунэгъу лъэпкъхэми я тхыдэми я IуэрыIуатэми щыгъунэжщ пщы щэджащэ Щолэхъу и хъыбархэр. Пасэрей адыгэ уэрэдхэм ящыщ зым мыпхуэдэ сатырхэм ущрохьэлIэ:

**Щэджащэуэ ди Щолэхъужь,**
**Пщыуэ хъуам уранэхъ хахуэт,**
**ХахуэкIэ ди джатэрыжэ,**
**Жэрыбэр уэркъым езыт,**
**Зи тыгъэм щIэмыфыгъуж,**
**Щэджащэуэ ди Щолэхъужь!**

Джатэрэ лIыгъэкIэ Щолэхъу Къэбэрдейм къыхуихьа пщIэмрэ фIэлIыкIымрэ хуэдиз ди хэкум зэи иIэжакъым абы иужькIэ.

Щолэхъу 1616 гъэм дунейм ехыжащ.

## Идар

Инармэс и къуэщ, Инал и къуэм и къуэрылъхущ. Хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, Идар и анэр бжьэдыгъу гуащэщ - Хъымыщ Елджэр ипхъущ. Идар и адэр щылIэм, сабийр здихьыжри, гуащэр Бжьэдыгъум кIуэжащ - и дыщым. Абы къыщыхъуащ Идар. Балигъ хъуа нэужь, Идар къэбэрдеипщхэм къеныкъуэкъу хъуащ. КIахэ адыгэхэм щыщ дзэ кърищажьэри, Къэбэрдейм къытеуащ - Жанхъуэтхэрэ Минболэтхэрэ къезэуащ. ДзитIыр Къызбрун деж щызэгурыIуэжащ, Идар Къэбэрдейм и кум щIы щратащ (абы ИдарейкIэ еджэ хъуащ), пщы нэхъыжьи ящIащ.

Идар лIа нэужь (XVI лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм) абы и щIэблэмрэ Жанхъуэтхэрэ (Къетыкъуэхэ, Талъостэнхэ) зэщыIеижащ, Къэбэрдейм щытепщэн хуейр яхузэхэмыгъэкIыу.

Идарейм куэд ирагъэкIуакъым: епщыкIубланэ лIэщIыгъуэм и кIэухым нэсщ; абы иужькIэ адрей пщы лIакъуэхэм зэхуагуэшыжащ Идарей щIыналъэр.

## Темрыкъуэ

ТемрыкъуэкIэ еджэ хъуауэ къэгъуэгурыкIуэ щхьэкIэ, и цIэ дыдэр КIэмыргуокъуэщ (КIэмыргуейм и къуэ). Сабийуэ и анэм и дыщым (КIэмыргуейм) здишэжати, арагъэнущ абы и цIэр къызыхэкIар.

Урысейр здигъэIэпыкъуурэ, Къэбэрдейр зэгуигъэхьэным, абы тепщэ щыхъуным щIэныкъуэкъуащ, ауэ ар къехъулIакъым - пщыхэм я нэхъыбэр акъылэгъу къыдэхъуакъым, Урысейм и IэмыщIэ зралъхьэн мурад яIэтэкъым.

Къэбэрдейм къытеуэрей кърым хъанымрэ Нэгъуей ЦIыкIумрэ хэкур зэращихъумэным яужь итащ. Жагъуэгъу къыхуэхъуа къэбэрдеипщхэми езэуащ, урысыдзэр здигъэIэпыкъуурэ. Бий мэхъаджэ къащытеуэм, Темрыкъуэ беслъэнейхэмрэ абазэхэмрэ гъусэ къыхуэхъуащ. Темрыкъуэ и жэрдэмкIэ, къэбэрдейхэм быдапIэ щаухуащ Сунжэ псыр Тэрч щыхэхуэм деж (иджырей Грозный къалэм пэмыжыжьэу).

Кърым хъаным и дзэр 1571 гъэм кIахэ адыгэхэм къащытеуам щыгъуэ, дзэ иришажьэри, ди лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъуащ. ДзитIыр Ахупс деж щызэзэуащ, хъаным и дзэр абдеж щызэхакъутащ. А зауэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ Темрыкъуэ, уIэгъэм 1571 гъэм илIыкIащ, и къуитI (Мамсырыкъуэрэ Думэныкъуэрэ) гъэр хъуащ.

Идар Темрыкъуэ и щIэблэм къатехъукIащ Урысейм и тхыдэм щыцIэрыIуэ Черкасскэхэ я лъэпкъыр.

Темрыкъуэ мыпхуэдэ уэрэд хуаусыгъащ:

**Хуарэжь гущэм и дзэпкъыр къуапэти,**
**МазиблкIэ уанэ темыхт.**
**Къэбэрдейм ди зэхэзекIуэри**
**ЩэджащэкIэ Темрыкъуэ лIыхьут.**
**МыдэкIэ Хъуэхъужьым и шащхьэр**
**УэсыщIэу зытезыгъасэ,**
**Сэрэкъамышым къыхэкIа шур**
**Шэ закъуэкIэ тхуезыудых,**
**Ахупс аузыр мэз куукIэ къытхуэзыгъэнщI...**

## Мамсырыкъуэ

Темрыкъуэ и къуэ нэхъыжьщ. Мэзкуу кIуауэ, 1565 гъэм, урыс пащтыхьым елъэIуауэ щытащ Къэбэрдейм къыдигъэIэпыкъун щхьэкIэ. Кърым хъаным и дзэм Ахупс деж къэбэрдейхэр щезэуам абыхэм яхэтащ Темрыкъуи абы и къуитIри - Мамсырыкъуэрэ Думэныкъуэрэ тэтэрхэм гъэр ящIащ (иужькIэ къащэхужащ). 1583 гъэм Мамсырыкъуэ и шухэмрэ къэзакъхэмрэ Дербент къыблэкIа тыркудзэр зэхакъутащ.

Мамсырыкъуэ здагъэIэпыкъуурэ, урыс дзэпщхэм зыпащIащ Дагъыстэным, Куржым, бгырыс лъэпкъхэм я лIыщхьэхэм.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч дунейм ехыжа нэужь, Къэбэрдейм и пщы нэхъыжь IэнатIэм щIэкъуащ, ауэ ар къылъагъэсакъым - пщы нэхъыжь хъуар Щолэхъу Тепсэрыкъуэщ.

1601 гъэм ПщыIэпщокъуэ Къазий Мамсырыкъуи абы и къуэш Думэныкъуи иригъэукIащ.

Мэзкуу и уэрамхэм ящыщ зым илъэс щиплIым щIигъуауэ зэрехьэ Мамсырыкъуэ и цIэр - Мастрюковская.

## Жанхъуэт Талъостэн

Щыпсэуар XV лIэщIыгъуэм и кIэмрэ XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ щанэмрэщ. Талъостэнейр къызэзыгъэпэщар аращ, абы IэщIэлъащ Дарьял псыхъуэмрэ Тэрч псым и IуфитIымрэ.

Талъостэн Инал и къуэрылъхум и къуэщ. Бахъшысэрей зекIуэм щыгъуэ (1523 гъэм) Къэбэрдейм и дзэм пашэ яхуэхъуар Талъостэнщ. Керчь тIуалэм зэпрыкIри, зауэурэ Бахъшысэрей нэсащ къэбэрдейхэм я дзэр, кърым хъаным и къалащхьэр къаувыхьащ. НэгъуэщI къыхуэнэжатэкъыми, дзэм яхуэхь фIыгъуэр къаритащ хъаным - арыншамэ, я щхьэр храгъэлъхьэнут, езыри яIэщIэукIэнут.

Талъостэн Къызбрун зауэм хэкIуэдащ - Инармэс Идаррэ Жанхъуэтхэрэ щызэзэуам щыгъуэ.

## Жамырзэ Алъхъэс

Джылахъстэнхэ я лъэпкъым щыщщ, а лъэпкъыр къызытехъукIа Минболэт Джылахъстэн и къуэрылъхущ, лIакъуэлIэш лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэ, Астрахъанрэ Куржымрэ зэпызыщIэ гъуэгум щытепщэ зэпытащ. И шыпхъур Кахетием и пащтыхь Александр и щхьэгъусащ, абы и хьэтыркIэ Куржым пщIэшхуэ щиIащ, куржы лIыкIуэхэр Урысейм щыкIуэкIи, урыс лIыкIуэхэр Куржым щыкIуэкIи ядэIэпыкъуащ, и нэIэ ятригъэт зэпытащ. Дзыхь нэхъ зригъэзыр Иранырати, абы и шахыр малъхъэ ищIауэ щытащ. Жамырзэ Алъхъэс хэмытауэ зы Iуэхушхуи щызэфIахакъым а зэманым Кавказ Ищхъэрэм - апхуэдэ фIэлIыкI иIащ а пщым.

## Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ

Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ XVII лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм Къэбэрдейм бжьыпэр щызыIыгъа пщыхэм ящыщщ. И адэ къуэшыр, Къазий, дунейм ехыжа нэужь, Алыджыкъуэ лъэпкъ унафэр илъэс плIыщIкIэ IэщIэлъащ.

ПщIэ щIыхуащIын IуэхуфI куэд яхуилэжьащ къэбэрдейхэм, абы щыхьэт тохъуэ тхыдэри IуэрыIуатэри. Кърым хъаным шу минищ къыIрихри, и адэ къуэшым илъ ищIэжыху етIысэхакъым - ар Тепсэрыкъуэ Щолэхъурэ нэгъуейхэмрэ Къулъкъужын зауэм щаукIауэ щытащ. Куэд щIауэ Къэбэрдейм къыхуэдзэлашхэ Нэгъуеишхуэм ди лъахэр щихъумэн хузэфIэкIащ.

Нэгъуеишхуэр Индыл адрыщI Iэпхъуа нэужь, Алыджыкъуэ и пщIэр нэхъри лъагэ щыхъуащ Къэбэрдейм. Индыл адрыщI щизэгъакъым нэгъуейхэр, ягу техуакъым къэбэрдейхэр Кавказ Ищхъэрэм тепщэ зэрыщыхъуар. Ар зигу темыхуэ адыгэпщхэри мащIэтэкъым - ахэр Алыджыкъуэ къебгъэрыкIуащ. КъебгъэрыкIуа щхьэкIэ фIы щIахакъым: Алыджыкъуэ ахэр Балъкъ псыхъуэ щызэхикъутащ. Абы иужькIэ Алыджыкъуэ тегушхуэгъуафIэ ящIыжакъым.

## ПщыIэпщокъуэ

XVI лIэщIыгъуэм и кум щегъэжьауэ Идархэ я лъэпкъым еныкъуэкъу зэпытащ, Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдын мурад ищIауэ. Идар Темрыкъуэ хэкум ирихун хузэфIэкIащ - 1563 гъэм. Темрыкъуэ Астрахъан зыщигъэпщкIуащ. Урыс пащтыхьыр (Грозный Иван) и щыкъу адэм къыдэIэпыкъуащ - фочауэ 500-рэ къэзакъ шу 500-рэ кърита щ. Ар къигъэсэбэпри, Темрыкъуэ ПщыIэпщокъуэ ебгъэрыкIуащ. ПщыIэпщокъуэ икIуэтакъым, зызэщIиузэдащ, дзэшхуэ игъэшэсри, Идарейр зэтрикъутащ.

Идар Темрыкъуэ и лъэIукIэ урысхэм быдапIэ Къэбэрдейм кърагщIыхьащ. Ар игу техуакъым ПщыIэпщокъуэ, тырку сулътIанри кърым хъанри арэзытэкъым абыкIэ. Ахэр здигъэIэпыкъури, ПщыIэпщокъуэ урыс быдапIэр икъутащ. Темрыкъуэ дунейм ехыжа нэужь, ПщыIэпщокъуэ Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдащ.

## Джылахъстэн Адэлджэрий

Джылахъстэнхэ я лъэпкъым щыщ Тэтэрхъан и къуэ нэхъыжьщ. Дарьял псыхъуэр IэщIэлъащ, абы дэкI гъуэгум щызекIуэхэм теплъэкъукIакъым. Бгырысхэм я деж пщIэшхуэ щиIащ, абыхэм Iуэхутхьэбзэ мащIэ яхуищIакъым.

Адэлджэрий и шыпхъур, Русудан, куржы пащтыхь Вахтанг Еханэм и щхьэгъусащ. Русудан и бынхэр цIэрыIуэ щыхъуащ Куржыми Урысейми, абыхэм дзэпщ лъэрызехьэхэр къахэкIащ. Адэлджэрий шуудзэ игъэшэсурэ Куржым куэдрэ дэIэпыкъуащ, зэрыпхъуакIуэхэм ящихъумащ.

1752 гъэм Джылахъстэн Адэлджэрий шу минрэ щитхурэ Куржым иришауэ щытащ, ар бийхэм ящихъумэн папщIэ. Джылахъстэней дзэпщым апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ къазэрыхуищIар куржыхэм ноби ящыгъупщэркъым. А гъэращ езыри дунейм щехыжар.

## ХьэтIохъущыкъуэ

Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдыху, зы махуи епсыхакъым. И адэшхуэ ПщыIэпщокъуэрэ и адэ Къазийрэ зыщIэкъуа Iуэхур зэригъэкIуэтэнырщ зи ужь итар. И адэ къуэшым и къуэ Алыджыкъуэ гъусэ хуэхъури, Идархэ дигуащ, бжьыпэр езым иубыдащ, Тэрч къалэ дэс урыс дзэпщхэмрэ абыхэм я IупэфIэгъу адыгэпщхэмрэ бэуапIэ яритакъым, Алыджыкъуэрэ ХьэтIохъущыкъуэрэ я дзэм ахэр зэхакъутэн яхузэфIэкIащ. Зыкъаужьыжа нэужь, я бийхэр къалъихъащ ХьэтIохъущыкъуэрэ Алыджыкъуэрэ, Балъкъ деж зауэ гуащIэ щаублащ, абы щытекIуар ХьэтIохъущыкъуэрэ Алыджыкъуэрэщ.

Алыджыкъуэ лIа нэужь, ХьэтIохъущыкъуэ Къэбэрдейм пщы нэхъыжь щыхъуащ. ХьэтIохъущокъуэхэ я унэцIэм къежьапIэ хуэхъуар Къазий и къуэ ХьэтIохъущыкъуэ и цIэращ.

XVII лIэщIыгъуэм икухэм щыщIэдзауэ ХьэтIохъущокъуэхэ нэхъ цIэрыIуэрэ фIэлIыкI нэхъ зиIэрэ Къэбэрдейм исакъым.

Тэрч псыр тенджызым щыхэхуэм деж, Идар и къуэ Темрыкъуэ и лъэIукIэ, урыс дзэпщхэм быдапIэ (Тэрч къалэ) тращIыхьауэ щытащ. Къалэр урыс пащтыхьым еувэлIа адыгэпщхэм хэщIапIэ яхуэхъуащ. Урыс дзэпщхэм я тIасхъэщIэххэм яхэтащ ШужьеипщкIэ зэджэр. Ар къищIэри, ХьэтIохъущыкъуэ Шужьейр иригъэукIащ. Тэрч къалэ дэс Чэлимэтыпщым пащтыхьым деж итхыгъащ: «Нэхъапэм, зиусхьэн, кърым хъаныкъуэ Жан-Джэрий къэкIуасэу Къэбэрдейм къыщыкIуам щыгъуэ, си малъхъэ Урыскъан и къуэ Шужьей Алыджыкъуэрэ ХьэтIохъущыкъуэрэ я деж плъакIуэдэIуакIуэ щыIэти, хъаныкъуэмрэ Къазий и бынхэмрэ къаухэс псор си деж къигъэсыжырт, сэ а хъыбархэр зэрызэхэсхам хуэдабзэу уи дзэпщхэм яIэрызгъэхьэжырт. Ар къищIэри, ХьэтIохъущыкъуэ Шужьей къезэуащ, итIанэ и бейгуэл Лъэпщыкъуэ къриутIыпщри, кригъэукIащ».

ХьэтIохъущыкъуэ и адэшхуэмрэ Шужьей и адэ Жансэхъурэ зэшщ.

Шужьей ХьэтIохъущыкъуэ щригъэукIар 1626 гъэрщ е зымащIэкIэ нэхъ пасэущ.

IуэрыIуатэм ихъумащ ХьэтIохъущыкъуэ Шужьей зэриукIам и хъыбар. Мыращ хъыбарым жиIэр:

«ХьэтIохъущыкъуэрэ Шужьейрэ лIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ бий зэхуэхъуащ. Шужьеипщыр лIы зэщIэмыкIуэжт, лIыгъэ-щыгъэкIэ упэлъэщынутэкъым. Алыджыкъуэ деж кIуэри ечэнджэщащ ХьэтIохъущыкъуэ.

- УемыбзэджэкIауэ упэлъэщынукъым, - къыжриIащ Алыджыкъуэпщым. - Шужьейрэ сэрэ дызэбийщ. Уэрэ сэрэ дызэщыIеижауэ дгъэIунщи, Шужьей деж укIуэнщ, уекIуж зыпщIынщ, Тэтэртуп фыкIуэнщи, тхьэ зэхуэфIуэнщ, къыщывгъэзэжкIэ гъуэгум щыбгъэбэлэрыгъынщ.

Шужьей екIуж зищIащ ХьэтIохъущыкъуэ, Тэтэртуп кIуэри тхьэ зэхуаIуащ, къыщагъэзэжым зы Iуащхьэ деж щепсыхащ.

- Мы Iуащхьэр Бахъсэн нэхъ и гъунэгъу хьэмэ Шэджэм нэхъ пэблагъэ? - еупщIащ ХьэтIохъущыкъуэ Шужьей.

- Ди пщафIэхэм къащIэнщ, - жиIащ Шужьей.

ПщафIэхэр ирагъэжьащ. ПщафIэхэр щыIукIым, ХьэтIохъущыкъуэ Шужьей еупщIащ:

- КъамэкIэ уепыджмэ нэхъыфI, хьэмэ сэшхуэкIэ къеупщIэтэхмэ нэхъыфI? - жери.

- Къэрабгъэр мэпыджэ, лIым къреупщIэтэх, - жиIащ Шужьей, жейм здыхилъафэм.

- КъезупщIэтэхым ухуэзащ, - жери, ХьэтIохъущыкъуэ Шужьей и щхьэр тIууэ зэгуихуащ.

И щхьэр зэгуипIэжри, Шужьей къызэфIэтIысхьащ, и нэпсыр къыщыщIэкIым, ХьэтIохъущыкъуэ къыхуеплъыхащ:

- Щхьэ угъурэ? - жери.

- СыщIэгъыр сызэрылIэракъым, - жиIащ Шужьей. - «Хэт зыукIар?» жаIэрэ щIэупщIэмэ, «ХьэтIохъущыкъуэжь цIыкIуращ» зэрыжаIэнурщ.

Ар жери, Шужьей и псэр хэкIащ. И хьэдэм Iуащхьэ тращIыхьащ. Шужьей и IуащхьэкIэ йоджэ абы иджыри къэс. Iуащхьэр Бахъсэнрэ Шэджэмрэ я зэхуаку дэтщ».

## Къасболэт

Муцал и къуэ нэхъыжьщ (Муцал Тэрч Iуфэ Iус Идарейр IэщIэлъащ). Зэадэзэкъуэм 1651 гъэм Сунжэ быдапIэр яхъумащ - персхэмрэ шамхалым и дзэмрэ Iэрагъэхьакъым. И адэр лIа нэужь, 1661 гъэм, Тэрч къалэ къетIысэкIауэ щыта бгырыс жылагъуэхэм я тепщэ хъуащ.

Разин Степан и дзэр зэхэзыкъутахэм яхэтащ, ар Кавказ Ищхъэрэм кърагъэхьакъым. Астрахъан къалэр Разин къыIэщIэзыхыжар Къасболэтщ. Тыркухэм я быдапIэ Азов къэзубыда къэзакъхэмрэ шэрджэсхэмрэ пашэ яхуэхъуащ, Сиваш зэпрыкIри Кърымым ихьащ, абы хъаным и дзэр щызэхикъутащ. Урыс-тырку зауэм щыгъуэ (1676 - 1681 гъэхэм) дзэм пашэ яхуэхъуащ, абы хэтащ Къасболэт и лъэпкъэгъухэри. ЗэфIыжын мурад щащIым, урысхэм яфIэзахуэр тырку дзэпщхэм ягурызыгъэIуар Муцал и къуэ Къасболэтщ - абы и фIыгъэкIэ Малороссием (Украинэм) и зэхуэдитIыр къыIэрыхьэжауэ щытащ Урысейм.

## Къетыкъуэ Аслъэнбэч

Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щытащ 1737 - 1746 гъэхэм. ЛIакъуэлIэшхэр гупитI зэрыгъэхъуным хэлIыфIыхьащ - бахъсэн гупрэ къэщкъэтау гупрэ, ахэр зэныкъуэкъу зэпытащ, лIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ.

Урыс пащтыхь Пётр Езанэр Персым зэуакIуэ щыкIуэм щыгъуэ гъусэ хуэхъуащ, ар къэщкъэтау гупым къадэIэпыкъункIэ щыгугъырти. Къетыкъуэ Аслъэнбэч, къэщкъэтау гупым я пашэм, къызэрыдэIэпыкъун къару иIэтэкъым урыс пащтыхьым. Бахъсэн гупыр щытегуплIэм, Къетыкъуэ Аслъэнбэч и лIакъуэлIэшхэр зыщIигъури Псыжь зэпрыкIащ, кърым хъаным IупэфIэгъу зыхуищIащ.

Кърым хъаным и дзэр, нэгъуейхэм къакъуэгушхукIыурэ, Къэбэрдейм куэдрэ къытеуащ, ауэ бахъсэн гупым къапэлъэщакъым. И жагъуэгъухэм екIуэжри, Къетыкъуэ Аслъэнбэч 1737 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ. Аслъэнбэч и шуудзэм 1739 гъэм Нэгъуей Ордар зэтрикъутащ; урыс-тырку зауэхэм хэтащ. Ираным дзэй ящIын мурад зэраIэр къыхуаIуэхуауэ щытащ, езым идакъым армыхъумэ.

1746 гъэм Гум псыхъуэ щылIащ.

«ТенджызитIым я кум дэсын хуейр зыпщщ» - а псалъэр къызэзынэкIауэ адыгэ IуэрыIуатэм къыхэщыр Къетыкъуэ Аслъэнбэчщ.

## ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ

ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щытащ - XVI лIэщIыгъуэм и кIэм къыщыщIэдзауэ. Минищэм нэблагъэ кърымыдзэр къащытеуам щыгъуэ (1708 гъэм), Кургъуокъуэ Къэбэрдей псор зэщIигъэшэсащ, бзаджагъэ хуекIуэри, бийр бгым ириукIыхьащ - Балъкъ псыхъуэ къыщыщIэдзауэ Бахъсэн псыхъуэ нэс. Кургъуокъуэ кърымыдзэм кIэ щритар Къэнжал дежщ, аращ бийр щызэхакъута зауэм Къэнжал зауэкIи щIеджэр.

Зеикъуэ дыгъафIэкIэ зэджэ джабэм и щыгум Кургъуокъуэ Къалэ-быдапIэ щиухуауэ щытащ, абы и къутахуэхэм ноби ущрохьэлIэ Хьэрэкхъуэрэ ипщэIуэкIэ, а щIыпIэм КъалэжькIэ йоджэ.


ХьэтIохъущыкъуэ


Мамсырыкъуэ


Къасболэт

Кургъуокъуэ 1709 (е 1710 гъэм и пэщIэдзэм) дунейм ехыжащ. Пщы уэлий хахуэм, дзэпщ Iущым и хъыбархэр щыгъунэжщ адыгэ IуэрыIуатэм.

## Мыхьэмэт Iэшэ

Иужьрей адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэм ящыщщ, хэкум и хуитыныгъэм щIэзэу лIыхъужьхэм гъуазэрэ шупашэрэ яхуэхъуурэ зэрыпхъуакIуэхэм куэдрэ ебгъэрыкIуащ.

ХьэтIохъущокъуэ Аслъэнбэч и къуэщ, къыщалъхуар 1805 гъэрщ, балигъыпIэ зэриувэ лъандэрэ зауэм къыхэкIакъым, урыс дзэпщхэм я щхьэр къригъэIэтакъым, езыр псэуху. Къэбэрдейр Ермоловым «игъэсабыра» нэужь, Псыжь Iэпхъуащ, ауэ бэнэныгъэр зэпигъэуакъым. Кавказ зауэм и тхыдэм кууэ щыгъуазэ щIэныгъэлI Потто В. зэритхыгъамкIэ, Мыхьэмэт Iэшэ «иджыри къэс (XIX лIэщIыгъуэм и кIэми) щыцIэрыIуэщ гъунапкъэм».

ЛIыгъэрэ хахуагъэкIэ Мыхьэмэт Iэшэ пэхъун а зэманым исакъым Къэбэрдейм. Шэткъалэ (Ставрополь) къалэм дэс дзэм ебгъэрыкIуауэ зауэм хэкIуэдащ 1846 гъэм.

Мыхьэмэт Iэшэ щIэныгъэ зиIэ цIыхут, бзэ зыбжанэ ищIэрт. «Iэшэ» цIэр щIытеIукIар зауэм уIэгъэ хьэлъэ зэрыщыхъуарщ - и Iэ сэмэгур къыдэбзыжыртэкъым.

Ди зэманым къэсащ ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ и лIыгъэмрэ и бэнэныгъэмрэ къызыхэщыж уэрэд, хъыбар куэд. Абыхэм ящыщщ мыри:

Мыхьэмэт Iэшэ шыбз хэкIуапщIэ зэгуэрым фIадыгъуащ. Нэху игъэщри, шыдыгъум ялъежьащ, зы жылэ нэсауэ, уэрамыщхьэм тет пщащэм IущIащ.

- Пщащэ жьырытэдж, шы бламыхуауэ пIэрэ фи жылэкIэ? - еупщIащ Мыхьэмэт Iэшэ пщащэм.

- Блахуащ, - къыжриIащ пщащэм. - Щауибл мэхъу уи шыр зыхуар.

- Упсэу, пщащэ жьырытэдж, - жиIащ Мыхьэмэт Iэшэ. - Къэзгъэзэжмэ, фи хьэщIэщ сынихьэнщ.

Ар жери, Мыхьэмэт Iэшэ блэкIащ, шыдыгъухэм ялъэщIыхьэри, шыр къатрихыжащ, щауиблым яшхэри къыздихуащ. ЗэрыжиIауэ, пщащэ жьырытэджым я хьэщIэщым ихьащ Мыхьэмэт Iэшэ. ХьэщIэщым щIалитI исти, я псэлъэкIэкIи я IукIэщIыкIэкIи игу ирихьакъым Мыхьэмэт - шэсри къежьэжащ. Къыщежьэжым, пщащэм жриIащ:

- Уи хьэщIэщ ис щIалэхэм гъуэгурыкIуэр щIэнэкIалъэ иремыщI - абы хущIегъуэжынкIэ мэхъу.

Мыхьэмэт Iэшэ и псалъэр щIалитIым ягу техуакъым. Псалъэ къахуэзыгъэнар яцIыхуртэкъыми, лъежьащ: «Тпхынщи, къэтхьынщ», - жари.

ЩылъэщIыхьэм, щIопщкIэ къахэуэурэ хьэщIэщым кърихулIэжащ щIалитIыр Мыхьэмэт Iэшэ.

- Уэ пхуэдэ пщащэм и хьэщIэщ къихьэну яхуэфащэкъым мы щIалэ мыгъасэхэм, - жриIащ хъыджэбзым.

- Тхьэмадэ, зыкъэдгъэцIыху. ЕмыкIу къэтхьащ, ди напэр текIащ, - къэлъэIуащ щIалитIыр.

- МыбыкIэ сыкъэфцIыхункIэ хъунщ, - жери Мыхьэмэт и Iэр къаригъэлъэгъуащ. Абы къыфIигъэкIакъым».

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Дыщалъхуа щIыналъэм



**Былым къуажэм пэгъунэгъуу.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Шхыныгъуэхэр

## «Шэпнэси» хьэнтхъупс

Шэ къашагъащIэр яз, шыгуным псы щIыIэ тIэкIу иракIэ, абы шэ зар хакIэри, и щхьэр техауэ дакъикъитху-хыкIэ къагъавэ. Хугу лъэсар шэ къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ къагъавэ. ЩIимысыкIын щхьэкIэ, шыуаныщхьэри техауэ щытын, зэпымыуи чымчыркIэ зэIыщIэн хуейщ. Мис иджы хьэнтхъупсыр хьэзыр мэхъу щыжаIэм деж шыгъу хадзэ, тхъу нэхь къыщIидзын щхьэкIэ. Хьэнтхъупсыр хьэзыр щыхъуам деж езыр гъуэжь дахэу, мэ гуакIуи къыхихыу щытщ. Зыри хамыкIэу пщтыру ираф.

**Халъхьэхэр**
*(цIыхуих Iыхьэ):*
Псыуэ - г 500
Шэ къашагъащIэу - г 2500-рэ
Хугуу - г 400
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

## Уэркъ хьэнтхъупс

Пасэрей пIастэ щащIкIэ, хугу хьэдзэхэр зэрыкIащ щыжаIэм деж, бэлагъкIэ пщын щIамыдзэ щIыкIэ хьэнтхъупсыр Iуву къыщхьэщах. Ар фалъэ куум иракIэ, абы кхъуей цIынэ хэхагъащIэ, шыгъу темыудауэ цIыкIу-цIыкIуурэ зэпаупщIри халъхьэ, къундэпсокIэ зэIахыжри, пщтыру ираф. Хьэнтхъупсыр сэбэпщ зи кIэтIий узхэм я дежкIэ.

## ХьэлIамэпс

Нартыху хьэлIамэ е хьэлIамэ цIывынэ ягъэва иужь абы къыщIэвыкIар Iув мэхъу. А хьэлIамэпсым хьэнтхъупс къыхащIыкI. ХьэлIамэпсыр шыуаным иракIэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэри, дакъикъитху-хыкIэ къагъэкъуалъэ. ИтIанэ абы шыбжий хэлъу тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын традзэ. Шыуаныщхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету дакъикъищплIыкIэ къагъэкъуалъэ. Зэрыпщтыру фалъэ куум иракIэри яшх. ХьэлIамэ, чыржын, щIакхъуэ дашх.

***«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Псалъэжьхэр

# Уэрэдым псалъэ хадзыркъым

♦Мыщэм пщIащэ техуэмэ мэгубжь, жыг техуэмэ зеущэху.
♦УзищIасэм и псэ ухуехь.
♦ПцIы зыупсыр щхьэщытхъущ, зызыгъатхъэр джэгуакIуэщ.
♦Нэм нэхъумэ иIэщ.
♦Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампIэ.
♦ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэкъуэшщ.
♦Нэпкъым тетыр кхъуафэ хукIэкIэ Iэзэщ.
♦Псыхъуэр жылэ тIысыпIэщ.
♦Уэрэдым псалъэ хадзыркъым.
♦Уэс щесам лъэужь щыIэщ.
♦ПцIы IэфI нэхърэ - пэж дыдж.
♦ЩIопщыкъурэ пэт жьы еубыд.
♦Уанэм лIы имысмэ, пхъэ тыкъырщ.
♦Шу гупыр зэдилъмэ, щхьэж игу илъ ещIэж.
♦ШыфIрэ выфIрэ псыбафэкъым.
♦Фом тхъу хэплъхьэкIэ зэIигъэхьэркъым.
♦«Хэт и щхьэр нэхъ дахэ?» щыжаIэм, шылъэгум и щхьэр къригъэжащ.
♦ЩIалэ гъакIуи, кIэлъыкIуэж.
♦Фоч нэщI лIитIгъэшынэщ.
♦ЩауэщIэм и щIакIуэри и кIуэкIэри дахэщ.
♦Хьэ мыукIытэ къупщхьэ йогъу.
♦ЦIыкIу щхьэкIэ - лъабжьэщ.
♦ХьэгъуэлIыгъуэ махуищ гухэхъуэщ.
♦Шэс псори шукъым.
♦ЩIакIуэр губгъуэ унэщ.

● Фэ фщIэрэ?

# Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Баклан японский** - япон хыбабыщ
**Глухарь** - хъунгъар, бзудэгу
**Лунь степной** - жьец, мэкъупIэжьец
**Мухоловка-пеструшка** - жьыкъанкъуэлэн
**Лысуха** - псыджэд, къамылджэд
**Балобан европейский** - къыякъ
**Воробей снежный** - уэсбзу
**Стеноглаз** - дурэшбзу, бзудамэплъ
**Воробей черногрудый** - бзубгъэгуфIыцIэ
**Орел горный** - къуршыбгъэ
**Сплюшка** - жьындуцIыкIу
**Орел-карлик** - бгъэжьей
**Синица усатая** - цIыжьдадэжьэгъуху
**Синица хохлатая** - амкIыщ
**Красавка** - къурупщэфIыцIэ
**Краснозобик** - бгъэгуплъ
**Галка альпийская** - къуалэпэгъуэ
**Барсучок** - бгъэнбзу
**Галстучник** - щхьэщ, пшахъуэджэд
**Бекас** - сыр-сыр, бзупэкIыхь, удыдж

● Чэнджэщхэр

# Фор бегъымбар шхыну ябж

■Фэлъыркъэбым и щхьэр трагъэжри ягъэгъу. ИужькIэ абы сыт ипкIэми щIыIэу щытщ.
■Фор бегъымбар шхыну ябж икIи сыт хуэдэ узыфэми и сэбэпу къалъытэ.
■Тэрчдэсхэм хьэлыуэ щащIынум и деж шыуан кIуэцIыр джэдыкIафэкIэ кърալъэщIыкI, хьэлыуэр щащIкIэ кIэримысхьэн щхьэкIэ.
■Iэщышхуэхэм, Iэщ цIыкIухэм ял гъэвар щашхкIэ адыгэхэм бжьыныху шыпсым пIастэ ирагъэпщIыркъым, ирагъэпщIыр лыращ.
■ЩIалэ къыхуалъхуамэ, фокIэ пщауэ хугу хьэжыгъэ яшхырт, щIалэр гъур мэхъу жаIэрти.
■Къэлэрыр сыр дыдэмэ, зы дакъикъэ-дакъикъитI хуэдизкIэ ягъэвэпхъ.
■Лъыр зи мащIэ цIыхум щынэ цIыкIу хуаукIырти, и тхьэмщIыгъур хуабэу кърахырт, тыкъыр цIыкIуу яупщIатэрти, имыгъэныщкIуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Iумпэм ищIмэ, ягъэвэпхъырт.

# Уафэм ит вагъуэбэ 88-р

● ГъэщIэгъуэнщ

Ди зэманым цIыху къэс автомобиль бжыгъэу яхуэзэр: США-м - 760-рэ, Италием - 575-рэ, Японием - 557-рэ, Канадэм - 539-рэ, Германием - 536-рэ, Франджым - 535-рэ, Инджылызым - 517-рэ, Бельгием - 478-рэ, Испанием - 451-рэ, Швецием - 449-рэ, Урысей Федерацэм - 234-рэ. ЦIыху мин къэс ятещIыхьауэ машинэ нэхъ мащIэ дыдэ щызекIуэр Китаймрэ Индиемрэщ, япэм 8, етIуанэм 6. Дуней псор зэрыщыту къапщтэмэ, цIыху миным щахуозэ автомашини 114-рэ, абы тепщIыхьмэ, нобэ ЩIы хъурейм щызокIуэ автомобиль мелуан 707-м нэс.

* * *

Зы километр зэбгъузэнатIэм цIыхуу щопсэу: Урысейм - 6, США-м - 42-рэ, Японием - 289-рэ, Инджылызым - 241-рэ, Франджым - 112-рэ, Китайм - 152-рэ, Бразилием - 19, Индием - 303-рэ, Италием - 189-рэ, Австралием - тIум тIэкIу щIигъу, Германием - 230-рэ, Израилым - 284-рэ, Индонезием - 108-рэ, Иорданием - 71-рэ, Пакистаным - 186-рэ, Сирием - 83-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 72-рэ, Адыгэ Республикэм - 59-рэ, Дагъыстэным - 49-рэ, Ингушым - 78-рэ, Къалмыкъым - плIы иримыкъу, Къэрэшей-Шэрджэсым - 31-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием - 88-рэ, Шэшэн Республикэм - 82-рэ.

* * *

Алыдж астрономхэм къызэрахутамкIэ, уафэм вагъуэбэ 48-рэ щыIэщ. Ауэ абыхэм я ужькIи нэгъуэщI астрономхэм вагъуэбэ 40 къагъуэтащ. А щIыкIэхэмкIэ нобэ къэхутауэ уафэм вагъуэбэ 88-рэ щыIэщ. Вагъуэбэхэм яхэтщ гъэм и лъэхъэнэ хэхахэм деж фIэкIа уафэм щумылъагъухэр. Иджыри къамыхутэфауэ нэгъуэщI вагъуэбэхэри щыIэнкIи хъуну къалъытэ щIэныгъэлIхэм.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Iэпслъэпс. **4**. 1922 гъэм щыщIэдзауэ СССР-м и ЦИК-м и Iэтащхьэу, 1938 - 1946 гъэхэм Совет Союзым и Президиумым и УнафэщIу лэжьа, «къэралпсо старостэкIэ» зэджэу щыта. Абы и цIэр зэрехьэ Урысей Федерацэм и къалэшхуэм, апхуэдэу Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **7**. Псэхэлъхьэж. **10**. АркъэхэкIхэм зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **11**. Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **12**. Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыщытам, ар республикэм и Министрхэм я Советым и лIыщхьэу лэжьащ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **13**. Шым и кIуэкIэ. **14**. Дэлъхум и щхьэгъусэ. **15**. А унэцIэр зэрахьэ: ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артистым; «Си шагъдий» уэрэд цIэрыIуэм щIэлъ псалъэхэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэм. **16**. Iэщ пIащэ: къытехьауэ зыпэщIумыгъахуэ - бжьакъуэпэкIэ уззэрихьэнщ. **17**. Насыпыншэр ... тесми, хьэ къодзакъэ. **19**. Жызум гъэгъуа. **22**. ХадэхэкI. **23**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **24**. Литературэм дихьэх щIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэ «Шыхулъагъуэм» и къызэгъэпэщакIуэ, адыгэ тхакIуэ, усакIуэ. **27**. Дунейм ехыжам и цIэкIэ къаIэт, тхьэмыщкIэхэм ират ерыскъы. **28**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ плъыжь цIыкIу. **29**. Транспорт лIэужьыгъуэ. **30**. Зиусхьэн лъэпкъ. **32**. Псы пэгунитI къыщахькIэ абы фIадзэ. **34**. ... зиIэм, кIэи иIэщ. **35**. МафIэсышхуэ. **36**. Зэхьэзэхуэм щытекIуэ бригадэм иратырт ... плъыжь цIыкIу. **37**. ... из хъужыркъым. **38**. ДжэдыкIэ ... **39**. Анэм и Iыхьлы гъунэгъу дыдэ. **40**. Уэшх къемышхыу пIалъэ кIыхь щыдих зэман.

***Къехыу:*** **1**. ЖьантIэм ущIэмыкъу, ... къыплъысынщ. **2**. Адыгэ таурыхъхэм къызэрыхэщымкIэ, псым щыпсэу гуащэ. **5**. КъэгъэшыгъуафIэ. **6**. «Адыгэ ... » - Даур Аслъэнрэ Хьэнфэн Алимрэ яуса уэрэд цIэрыIуэ, Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэу. **8**. ЗэкIуж, Iэпкълъэпкъ уардэ зиIэ щIалэщIэ. **9**. ДзитI зыIут Iэмэпсымэ: пхъэ бжэмыщх, шынакъ щащIкIэ и кIуэцIыр абыкIэ кърабзыкI. **18**. Фоч, кIэрахъуэ хуэдэхэр къыщамыгупсыса зэманым щыIа Iэщэ. Ди зэманым абыкIэ спорт зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкI. **20**. Республикэм е къэралым и къалащхьэм зэреджэ цIэ. **21**. Гу кIуэм ... къыкIэреуд. **25**. Уэлбанэшхуэ нэужьым адэмыдэкIэ жапIэ щызыщI псы цIыкIунитIэхэр. **26**. Сымаджэр къанэри, ... лIащ. **30**. Iуданэу зэхэща кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **31**. Хэтхэ я унэ ... тес? **32**. Зи пэр псыгъуэ дыдэ. **33**. Бжьахъуэм фо ... къызитащ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***ФокIадэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Уанэгур. **5**. Пшэрыхь. **8**. Азэн. **9**. Щтауч. **12**. Махэ. **13**. Ер. **14**. Къанж. **16**. Динэ. **18**. Бу. **20**. Шэнт. **22**. Псысэ. **23**. Мысэ. **24**. Къыр. **25**. Яжьэ. **26**. Бру. **29**. Псыжь. **30**. НэгъущI. **32**. Майм. **33**. Хугу. **34**. Джэрш. **36**. КупщIэ. **37**. Мы. **38**. Инал. **40**. Арджэн. **42**. Батэ. **43**. Уэншэку. **44**. Зубков.

***Къехыу:*** **1**. Къунан. **2**. Гурым. **3**. Уэзырмэс. **4**. Гуэщ. **6**. Шэч. **7**. Хьэхэбасэ. **10**. Таж. **11**. Уэд. **15**. Нып. **17**. Ибэ. **19**. НыбжьэгъуфI. **21**. ТкIыбжь. **23**. Мэрем. **27**. Псыгуэнсу. **28**. Айтматов. **30**. «Нур». **31**. ЩIэп. **35**. Шыр. **36**. Кугъуэ. **39**. Ленэ. **40**. Афэ. **41**. Нау. **42**. КупщIэ.

● Хабзэм щыщщ

# Адыгэшымрэ адыгэлIымрэ

Шыр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ. Адыгэм шым пщIэрэ гулъытэу хуищIар нэрылъагъу тщещI абы ехьэлIа лъэпкъ щIэныгъэу ди деж къэсам. Шы хуэIухуэщIэ зэхуэмыдэ куэд ущрохьэлIэ адыгэ IуэрыIуатэм. Абы и дэтхэнэ зы лъэпкъыгъуэри къапщтэмэ, я нэхъ мащIэу шым и фIагъым, и Iущагъым теухуауэ зыгуэр жызымыIэ къыхэкIынкъым. Гущэм хэлъ къуэрылъху щIалэ цIыкIур щыщIиупскIэкIэ, нанэм зэчыр макъамэкIэ игъэдахэурэ къиIущэщ гущэкъу уэрэдым хилъхьэр ар шууей зэкIэлъыкIуэ зэрыхъунурат:

*Жей, си псэ, жей, си щIалэ,*
*Жей, си щIалэ нэху,*
*Нэхущыр уи щыпэежьэщ,*
*Гъуэгу жыжьэхэр зыпэплъэ,*
*Си шу хъыжьэ ябгэ,*
*Уи псэ закъуэр мастэпэбдзи,*
*Пхъуантэдэлъу пхузохъумэри,*
*Тхьэм уэ цIыкIур укъихъумэ.*

«Адыгэшрэ адыгэлIрэ», - жеIэ псалъэжьым. Ахэр зэхуэмыщхьэпэмэ, лIыгъэр дэнэ къикIын, лIыгъэщIапIэри дэнэ къипхын? Илъэсищэм нэблагъэкIэ псэуа Унэж Хьэбибэ щIэупщIэгъат: «ЛIыр и нэпс щымыукIытэу щигъэлъагъуэр пщIэрэ?» - жери. И жэуапри хьэзырт: «Щэ къудейт зэрыплъагъунур ар: и анэр лIауэ къаIэту дахын и пэ къихуэу, и щауэгъу щIалэ къепцIыжамэ, шыр фIэкIуэдауэ игъуэтыжынкIэ и гугъэр кIуэдамэ». Абы адэкIэ къыпищат: «ЛIым гуфIэгъуэ нэпси иIэщ, ар щигъэлъагъуэр пщIэрэ? Зы фочышэ иригъэкIынт къуэ къызэрыхуалъхуам щхьэкIэ, адрейуэ, иш и пщэ зришэкIынт, шыщIэ зэригъуэтам папщIэ». ГъэщIэгъуэнращи, адыгэм цIыхухъу нэпсрэ шы нэпсрэ зэхуегъэдэ, нэхъ гуащIэр хузэхэгъэкIакъым. Адыгэ дадэт «АдыгэлIыр дэнэ щыIэ?» - жаIэу щеупщIым: - «Адыгэшыр здэщыIэм щыIэщ», - жиIэу жэуап зытыжар. «Адыгэшыр дэнэ щыIэ?» щыжаIэм, - «АдыгэлIыр здэщыIэм щыIэщ», - жиIэгъат.

Апхуэдэ гъэсэтхыдэ гъэщIэгъуэн куэд ущрохьэлIэ лъэпкъ IуэрыIуатэм. Ахэр псори щIэныгъэ ирокъу, лъэхъэнэ кIыхьхэм къырикIуа ди лъэпкъ и лIэужь дэтхэнэри щIэблэм зэрадэгуэша акъылрэ гупсысэщ.

ИжькIэ шыр зыхуаIыгъри зыхуагъэсэри зекIуэщ. Шым фэрэ фIагъыу бгъэдэлъыр къэзылъытэу щытар жылагъуэрщ. Жылэм и напэр къыдэзых-къуэзылъхьэж хъугъэщIагъэ куэдым щыщт шым къызыкъуихыну зэфIэкIри. Арагъэнт сабий къалъхуам иращIэкI дауэдапщэхэм хуэдэхэр, е абыхэм еплъыт хъунухэр, шыми щIращIэкIри. Шыми зы дуней къытехьэгъуэ иIэщ, апхуэдэ дыдэу зы дуней текIыжыкIи иIэщ. Сабий хуэIухуэщIэхэм шым ейр къазэрыщхьэщыкIыр аращи, мыбы зэрагъэунэху хабзэ куэди хэлъщ. Ар зыхуэунэтIар зекIуэш къэгъэхъунрат. Шым и щыпэдэшщыпэшэс хуэIухуэщIэхэм щегъэжьауэ зекIуэ гъуэгу теувэхункIэ дауэдапщэу ещIэкIам хъуэхъуу теIуаращ зекIуэ хъуэхъукIэ дызэджэр.

Адыгэ пщы-уэркъхэр хуабжьу ерыщу пылъащ зекIуэш къэгъэхъуным. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми шым къыхагъэща хьэл-щэныр я шы лъэпкъ нэщэнэу ягъэувыжурэ нобэ дызыщыгъуазэ шы лъэпкъыгъуэ гъэщIэгъуэнхэр дунейм къытехьэгъауэ щытащ: щолэхъу, бэлэтокъуэ, чэрэчанэ, трамэ, къундет, жырыщты, есэней, абыкъу, бэчкъан, хьэгъундокъуэ, н. къ. Шым халъхьэфа, къызыкъурагъэха фIагъ псори хэIущIыIу щыхъум, зи цIэ къитIуа шы лъэпкъыгъуэхэр дунейм къызэрыщацIыхуар, зэрыхэIуар адыгэшущ. Адыгэшым и пщIэр адыгэм зэриIыгъа щIэныгъэр къуэпсыбэщ, лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Абыхэм ящыщу зы Iуэхугъуэщ дэ зи щхьэ диIэбэнури.

ШыщIэр дунейм къыщытехьа махуэм и япэ жэщым ягъэпскIырт, зэрагъэпскIри нэху зытемыщхьа псыкIэт. И фIалъиплIым деж щрагъажьэрти, шыпщэ щIагъымкIэ къакIуэу, шы нэпкъым къыдекIуэкIрэ шы сокум къехыжу, абы адэкIэ шы тхыцIэмрэ ныбэмрэ къыхыхьэу псыкIэ зэщIагъэхьэрт. Псыр къебгъэжэхыныр ягъэдахэртэкъым; хъыдан щабэр псыф ящIырти, абыкIэ телъэщIыхьурэ ягъэпскIырт. ШыкIэр ятхьэщIыртэкъым. ШыщIэр зейр хъуахъуэрт:

*Ялыхь, зи гуащIэр ин!*
*Мы къытхэхъуа псэущхьэр*
*Унагъуэми лъэпкъми*
*угъурлы тхуэщI,*
*И лъэр жанрэ быдэу,*
*И гъуэгур кIыхьрэ бгъуэуэ,*
*ЛIыуэ шэсынумкIэ махуэу,*
*Гъуэгуу икIунумкIэ нахуэу,*
*И шыпэр здэгъэзам хъерыр щыбэу,*
*Батэр игъэшу,*
*«Зышрэ зы шууейкIэ*
*Къэмылэнджэжхэщ!» къыхужаIэу,*
*Зэхуэщхьэпэу,*
*ЗэрымыгъэкIуэду*
*Я дуней Iыхьэр егъэхь!*

**ТАБЫЩ Мурат.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Еллэ,** *редактору* **Багъэтыр Луизэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1501